

Pati B AVI SOU GARANTI PWOSEDIRAL

Depatman Edikasyon Eta New York AVI SOU GARANTI PWOSEDIRAL ME 2024

Avi sou Garanti Pwosediral: Dwa pou Paran Elèv Preskolè ak Elèv ki nan Laj pou al Lekòl, ki gen Andikap yo

Antanke paran, ou se manm enpòtan nan Komite Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) oswa Komite Edikasyon Espesyal Preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) a nan Eta New York. CSE/CPSE a gen responsabiltè pou devlope yon seri rekòmandasyon konsènan pwogram ak sèvis edikasyon Espesyal pou timoun ou an. Yo dwe ba w posibilite pou patisipe nan konvèsasyon CSE/CPSE ak pwosesis pou pran desizyon sou bezwen timoun ou an genyen pou edikasyon espesyal. Enfòmasyon ki vin apre yo konsène garanti pwosediral ki se dwa legal ou genyen sou baz lwa federal ak lwa Eta a, pou yo mete w okouran, pou enplike nan edikasyon espesyal la epi pou w gen asirans timoun ou an resevwa yon edikasyon piblik ki apwopriye epi ki gratis (Free Appropriate Public Education, FAPE).

Yo dwe voye yon kopi garanti pwosediral sa yo ba ou yon (1) fwa chak ane, epi:

- nan moman oryantasyon inisyal oswa demann pou evalyasyon timoun ou an;
- chak fwa ou mande yon kopi;
- kou yo resevwa premye plent ki gen rapò ak yon pwosedi regilye pandan yon ane eskolè, ki mande yon medyasyon oswa yon odyans san patipri;
- premye fwa pandan yon ane eskolè, lè distri lekòl la resevwa kopi yon plent Eta ou te soumèt, devan Depatman Edikasyon Eta New York la (New York State Education Department, NYSED);
- lè yo pran yon desizyon pou sispann oswa ranvwaye timoun ou an pou rezon disiplin, ki ap lakoz yon chanjman nan plasman disiplinè.

Yo te adapte Avi sou Garanti Pwosediral yo apati yon fòm modèl Depatman Edikasyon Etazini an (United States Department of Education, USDE). te devlope. Nou te ajoute enfòmasyon konsènan egzijans Eta New York la.



Lis Sijè yo

Enfòmasyon Jeneral	1
Avi Alekri Davans (Avi sou Rekòmandasyon)	1
Lang Natif Natal	2
Kourye Elektwonik.....	2
Konsantman Paran - Definisyon.....	2
Konsantman Paran.....	3
Evalyasyon Edikatif Endepandan	6
Konfidansyalite Enfòmasyon	8
Definisyon	8
Sa ki Kapab Idantifye w Pèsonèlman	8
Avi pou Paran yo.....	8
Dwa Pou Gen Aksè	9
Anrejistreman Aksè	9
Dosye sou Plis Pase Yon Timoun	10
Lis Kalite ak Anplasan Enfòmasyon	10
Frè.....	10
Modifikasyon Dosye sou Demann Paran	10
Opòtinite pou yon Odyans.....	10
Pwosedi Odyans la.....	11
Rezilta Odyans la	11
Konsantman pou Pibliye Enfòmasyon ki Kapab Idantifye w Pèsonèlman	11
Pwoteksyon.....	12
Destriksyon Enfòmasyon.....	12
Opsyon pou Rezoud Dispit yo Amikalman	12

Medyasyon 13

Pwosedir Plent Eta a 14

Diferans an Plent pou Odyans Pwosedir Regilye a ak Pwosedir Plent devan
Eta a 14

Adopte Pwosedir Plent devan Eta a 15

Pwosedir Minimòm pou Plent devan Eta a 15

Depoze yon Plent 16

Pwosesis Plent pou Pwosedir Regilye 18

Depoze yon Plent pou Pwosedir Regilye 18

Plent pou Pwosedir Regilye 18

Modèl Fòm 20

Plasman Timoun Pandan Plent pou Pwosedir Regilye a ak Odyans yo
annatant (Annatant) 20

Pwosesis Rezolisyon Amikal 21

Odyans sou Plent pou Pwosedir Regilye 24

Odyans san Patipri sou Pwosedir Regilye 24

Dwa pou Mande Odyans 25

Revizyon Akselere epi Lòd pou Reparasyon 26

Apèl 28

Finalite Desizyon; Apèl; Revizyon san Patipri 28

Delè ak Itilite Odyans ak Revizyon 29

Aksyon Sivil, San Wete Peryòd Tan pou Depoze Aksyon sa yo 29

Frè pou Avoka 30

Pwosedir Lè yo ap Disipline Timoun ki Gen Andikap 32

Otorite Pèsonèl Lekòl la 32

Chanjman Plasman Akòz Ranvwa Disiplinè 35

Detèminasyon Anviwònman 36

Apèl 36

Plasman Pandan Apèl yo 37

Pwoteksyon pou Timoun ki Poko Kalifye pou Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Asosye yo..... 37

Rekòmande bay Fòs Delòd yo epi Mezi Fòs Delòd ak Otorite Jidisyè yo pran 39

Itilize Avantaj/Asirans Piblik epi Prive 40

Timoun andikape ki gen pwoteksyon asirans piblik..... 40

Timoun andikape ki gen pwoteksyon asirans prive 41

Egzijans pou Plasman Inilateral Paran Timoun nan fè nan Lekòl Prive sou baz Depans Piblik 42

Jeneral 42

Resous 43

ENFÒMASYON JENERAL**AVI ALEKRI DAVANS (AVI SOU REKÒMANDASYON)****34 CFR seksyon 300.503; 8 NYCRR seksyon 200.5(a) ak (c)****Avi**

Distri lekòl ou a dwe ba w yon avi alekri (ba w yon seri enfòmasyon alekri), chak fwa li:

1. pwopoze pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif pou timoun ou an, oswa dispoze yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) pou timoun ou an; **oswa**
2. refize inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif timoun ou an, oswa dispozisyon FAPE pou timoun ou an.

Si avi alekri davans lan gen rapò ak yon mezi distri lekòl la pran ki mande pou paran yo bay konsantman, distri a ap bay avi a nan menm moman yo mande konsantman sa a.

Kontni avi a

Avi alekri a dwe:

1. dekri mezi distri lekòl ou a pwopoze a oswa refize pran an;
2. eksplike rezon ki fè distri lekòl ou a pwopoze oswa refize pran mezi a;
3. dekri chak pwosedi evalyasyon, tès, dosye, oswa rapò distri lekòl ou a itilize lè li ap decide pou pwopoze oswa refize mezi a;
4. san wete yon deklarasyon ki montre ou gen pwoteksyon sou baz dispozisyon garanti pwosediral nan Pati B Lwa pou Edikasyon Moun ki Gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA);
5. di w kijan ou kapab jwenn yon deskripsyon sou avi garanti pwosediral yo si mezi distri lekòl ou a pran pou pwopoze oswa refize a, pa yon premye referans pou evalyasyon;
6. ajoute resous kontak pou w chèche jwenn èd yon fason pou konprann Pati B IDEA a;
7. dekri nenpòt lòt chwa CSE oswa CPSE timoun ou an te konsidere, ansanm ak rezon ki fè yo te rejte chwa sa yo; **epi**
8. bay yon deskripsyon sou lòt rezon ki fè distri lekòl ou a pwopoze oswa refize mezi a.

Avi nan langaj moun konprann

Avi a dwe ekri nan yon lang piblik la an jeneral ap konprann epi yo dwe bay li nan lang natif natal ou oswa nan yon lòt mòd kominikasyon ou itilize, sof si li klè sa pa kapab fèt.

Si lang natif natal ou a oswa lòt mòd kominikasyon an se pa yon lang ki ekri, distri lekòl ou a dwe asire li:

1. yo tradui avi a pou ou aloral grasa lòt mwayen, nan lang natif natal ou oswa lòt mòd kominikasyon;
2. ou konprann kontni avi a; **epi**
3. gen prèv alekri ki montre yo te respekte kondisyon 1 ak 2 yo.

LANG NATIF NATAL

34 CFR seksyon 300.29; 8 NYCRR seksyon 200.1(ff)

Lang natif natal, lè yo itilize li pou yon moun ki pa fin byen konprann Anglè, vle di sa ki vin annapre yo:

1. Lang moun sa a itilize nòmalman, oswa, nan ka yon timoun, lang paran timoun nan itilize nòmalman;
2. Nan tout kontak dirèk ak yon timoun (san wete evalyasyon timoun nan), lang timoun nan itilize nòmalman nan kay la oswa nan anviwònman aprantisaj la.

Pou yon moun ki soud oswa avèg, oswa pou yon moun ki pa gen okenn lang ekri, mòd kominikasyon an se sa moun nan itilize nòmalman an (tankou lang siy, Bray, oswa kominikasyon oral).

KOURYE ELEKTWONIK

34 CFR seksyon 300.505; 8 NYCRR seksyon 200.5(a), (f), ak (i)

Si distri lekòl ou a bay paran yo chwa pou resevwa dokiman pa mwayen imèl, ou kapab chwazi resevwa sa ki vin apre yo nan imèl:

1. avi alekri davans (avi sou rekòmandasyon);
2. avi sou garanti pwosediral; **epi**
3. avi ki gen rapò ak yon pwosesis plent regilye.

KONSANTMAN PARAN - DEFINISYON

34 CFR seksyon 300.9; 8 NYCRR seksyon 200.1(l)

Konsantman

Konsantman vle di:

1. Yo te vrèman mete w okouran nan lang natif natal ou oswa lòt mòd kominikasyon (tankou lang siy, Bray, oswa kominikasyon aloral) konsènan tout enfòmasyon sou mezi ou ap bay konsantman w lan;
2. Ou konprann epi w dakò alekri pou yo pran mezi sa a, ansanm ak konsantman ki dekri mezi sa a epi ki bay lis dosye (si genyen) yo pral pibilye, epi bay ki moun; **epi**
3. Ou konprann se ou menm ki pou chwazi bay konsantman w, epi w kapab anile konsantman w lan nenpòt lè.

Lefètke w retire konsantman w, sa pa retire (anile) yon mezi yo te pran apre w te fin bay konsantman w epi anvan w te retire konsantman an.

KONSANTMAN PARAN

34 CFR seksyon 300.300; 8 NYCRR seksyon 200.5(a) ak (b)

Konsantman pou premye evalyasyon

Distri lekòl ou a pa kapab fè yon premye evalyasyon sou timoun ou an pou detèmine si timoun ou an kalifye sou baz Pati B IDEA a, pou resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, san yo pa ba w yon avi alekri davans konsènan mezi yo pwopoze a, epi san yo pa jwenn konsantman w jan sa dekri nan seksyon **Konsantman Paran an**.

Distri lekòl ou a dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman reflechi ou pou yon premye evalyasyon, pou deside si timoun ou an se yon timoun ki gen yon andikap.

Lefètke w bay konsantman pou premye evalyasyon an, sa pa vle di ou te bay konsantman tou pou distri lekòl la kòmanse bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo.

Si timoun ou an enskri nan lekòl piblik oswa w ap chèche enskri timoun ou an nan yon lekòl piblik epi w te refize bay konsantman oswa ou pa t reponn yon demann pou bay konsantman pou yon premye evalyasyon epi timoun ou an gen laj pou ale lekòl, distri lekòl ou a kapab, men li pa oblije, chèche fè yon premye evalyasyon pou timoun ou an, lè yo itilize medyasyon oswa plent pou pwosedi regilye, reyinyon rezolisyon, ak pwosedi odyans san patipri pou pwosedi regilye. Distri lekòl ou a p ap vyole obligasyon li yo pou lokalize, idantifye epi evalye timoun ou an, si li pa pousuiv yon evalyasyon pou timoun ou an nan sikonstans sa yo, epi timoun ou an kapab pa resevwa sèvis edikasyon espesyal menmsi li te kalifye pou sa.

Règ espesyal pou premye evalyasyon minè nan Eta a

Si yon timoun se yon minè nan Eta a epi li p ap viv avèk paran li, distri lekòl la pa bezwen konsantman paran an pou yon premye evalyasyon, pou detèmine si timoun nan se yon timoun ki gen yon andikap, si:

1. malgre yon seri efò rezonab pou fè sa, distri lekòl la pa kapab jwenn paran timoun nan;
2. dwa paran yo genyen an te sispann an konfòmite avèk lwa Eta a; **oswa**
3. yon jij te bay yon moun ki pa paran an dwa pou li pran desizyon sou edikasyon epi pou bay konsantman pou yon premye evalyasyon.

Nan Eta New York, minè nan Eta a vle di yon timoun oswa yon jèn ki poko gen venteyen lane:

1. yo te plase oswa yo te ranvwaye sou baz seksyon 358-a, 384 oswa 384-a Lwa sou Sèvis Sosyal la, oswa atik 3, 7 oswa 10 Lwa Tribinal Familyal la, oswa ki te libere pou adopsyon sou baz seksyon 383-c, 384 oswa 384-b Lwa sou Sèvis Sosyal la; oswa
2. ki sou responsabilite Komisè Sèvis Sosyal yo oswa Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an; oswa
3. ki se yon timoun san resous sou baz seksyon 398(1) Lwa sou Sèvis Sosyal la.

Konsantman paran pou sèvis

Distri lekòl ou a dwe jwenn konsantman reflechi ou anvan yo bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa. Distri lekòl la dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman reflechi ou anvan yo bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa.

Si w pa reponn yon demann pou bay konsantman pou timoun ou an resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, oswa si w refize bay konsantman sa a, distri lekòl ou a kapab pa itilize pwosedi regilye yo (sètadi, medyasyon, reyinyon rezolisyon, oswa yon odyans san patipri sou pwosedi regilye) pou jwenn yon akò oswa pran yon desizyon pou yo kapab bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo (CSE oswa CPSE timoun ou an rekòmande a) san konsantman w.

Si w refize bay konsantman pou timoun ou an resevwa edikasyon espesyal ansanm ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, oswa si w pa reponn yon demann pou bay konsantman sa a, epi distri lekòl la pa bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ki lakoz li t ap chèche jwenn konsantman w lan, distri lekòl ou a:

1. pa vyole egzijans pou mete FAPE disponib pou timoun ou an lefètke li pa bay timoun ou an sèvis sa yo; **epi**
2. pa oblije òganize yon reyinyon Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP oswa devlope yon IEP pou timoun ou an pou edikasyon espesyal la ak sèvis ki asosye, ki fè li te mande konsantman w lan.

Anilasyon konsantman paran

Si w voye notifikasyon alekri bay distri lekòl la pou di w anile (retounen sou) konsantman w te bay pou distri lekòl la bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, distri lekòl ou a:

1. kapab pa kontinye bay timoun ou an edikasyon espesyal ansanm ak sèvis ki asosye yo;
2. kapab pa itilize pwosedi regilye yo (sètadi, medyasyon, reyinyon rezolisyon, oswa yon odyans san patipri sou pwosedi regilye) pou jwenn yon akò oswa pran yon desizyon pou yo kapab bay timoun ou an sèvis yo;
3. pa vyole egzijans pou mete FAPE disponib pou timoun ou an lefètke li pa bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo;
4. pa oblije òganize yon reyinyon IEP oswa devlope yon IEP pou timoun ou an pou bay plis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo; **epi**
5. pa oblije modifye (chanje) dosye edikasyon timoun ou an pou retire nenpòt referans ki montre timoun ou an te resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo akòz ou retire konsantman an.

Konsantman paran pou re-evalyasyon

Distri lekòl ou a dwe jwenn konsantman reflechi w anvan li re-evalye timoun ou an, sof si distri lekòl ou a kapab montre:

1. li te pran mezi rezonab pou jwenn konsantman w pou re-evalyasyon timoun ou an; **epi**
2. ou pa t reponn.

Si w refize bay konsantman pou re-evalye timoun ou an, distri lekòl la kapab, men li pa oblije, kontinye re-evalye timoun ou an lè li itilize medyasyon, plent pou pwosedi regilye, reyinyon rezolisyon, ak pwosedi odyans san patipri pou pwosedi regilye, pou chèche pase sou desizyon w pran pou refize bay konsantman pou re-evalye timoun ou an. Menm jan ak premye evalyasyon yo, distri lekòl ou a pa vyole obligasyon li genyen sou baz Pati B IDEA a, si li refize kontinye re-evalyasyon an fason sa a.

Dokiman sou efò rezonab pou jwenn konsantman paran

Lekòl ou a dwe kenbe dokiman konsènan efò rezonab li fè pou jwenn konsantman paran yo pou premye evalyasyon ak re-evalyasyon, pou bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, epi pou jwenn paran minè ki sou responsabilite Leta a pou premye evalyasyon yo. Nan dokiman an, dwe gen yon dosye konsènan tantativ distri lekòl la te fè nan zòn sa yo, tankou:

1. anrejistreman detaye konsènan apèl telefòn yo te fè oswa yo te eseye fè, epi rezilta apèl sa yo;
2. kopi korespondans yo te voye bay paran yo ak nenpòt repons yo te resevwa; **epi**
3. dosye detaye konsènan vizit yo te fè lakay paran an oswa nan travay li, epi rezilta vizit sa yo.

Konsantman paran pou aksè nan asirans

Konsantman paran an obligatwa anvan pou distri lekòl la gen aksè nan yon pwoteksyon asirans prive oswa piblik, jan sa dekri anba soutit ***Itilize Avantaj/Asirans Piblik ak Prive*** a.

Konsantman pou Elèv Paran yo Plase ak Elèv ki Enstwi Adomisil

Si w enskri timoun ou an nan yon lekòl prive sou pwòp depans pa w, oswa si w fè lekòl adomisil pou timoun ou an, epi w pa bay konsantman pou premye evalyasyon oswa re-evalyasyon timoun ou an, oswa ou pa reponn yon demann pou bay konsantman w, distri lekòl la kapab pa kapab itilize pwosedi anilasyon konsantman li an (sètadi, medyasyon, plent pou pwosedi regilye, reyinyon rezolisyon, oswa yon odyans pwosedi regilye san patipri), epi li pa oblije konsidere timoun ou an kalifye pou resevwa sèvis ki ekitab (sèvis ki disponib pou timoun ki gen andikap paran yo mete nan lekòl prive).

Lòt egzijans pou konsantman

Konsantman w pa obligatwa anvan distri lekòl ou a kapab:

1. revize done ki la deja yo kòm yon pati nan evalyasyon oswa yon re-evalyasyon timoun ou an; **oswa**

2. fè yon tès pou timoun ou an oswa lòt evalyasyon yo fè pou tout timoun, sof si, anvan tès oswa evalyasyon sa a, li obligatwa pou paran tout timoun yo bay konsantman yo.

Distri lekòl ou a kapab pa itilize refi pou w bay konsantman pou yon (1) sèvis oswa aktivite, kòm yon baz pou refize bay ou menm oswa timoun ou an nenpòt lòt sèvis, avantaj, oswa aktivite.

Distri lekòl la dwe devlope epi mete sou pye yon seri pwosedi pou gen asirans lefètke w refize bay konsantman pou nenpòt nan lòt sèvis ak aktivite sa yo, sa pa lakoz yo refize bay timoun ou an FAPE.

EVALYASYON EDIKATIF ENDEPANDAN

34 CFR seksyon 300.502; 8 NYCRR seksyon 200.5(g)

Jeneral

Jan sa dekri anba a, ou gen dwa pou jwenn yon evalyasyon edikatif endepandan (Independent Educational Evaluation, IEE) pou timoun ou an, si w pa dakò ak evalyasyon distri lekòl ou a te jwenn pou timoun ou an.

Si ou mande yon IEE, distri lekòl la dwe ba w enfòmasyon konsènan ki kote ou kapab jwenn yon IEE, epi konsènan kritè distri lekòl la ki aplike pou IEE.

Definisyon

Evalyasyon edikatif endepandan vle di yon evalyasyon yon egzaminatè kalifye, epi ki pa yon anplwaye nan distri lekòl ki responsab pou bay timoun ou an edikasyon an, te fè.

Depans piblik vle di distri lekòl la swa peye pou tout depans evalyasyon an oswa asire li yo fè evalyasyon an gratis pou ou, an konfòmite ak dispozisyon ki nan Pati B IDEA a, ki pèmèt chak Eta itilize kèlkeswa sous sipò Eta, lokal, federal epi prive ki disponib nan Eta a, pou konble egzijans ki gen nan Pati B IDEA.

Dwa paran yo genyen pou jwenn evalyasyon sou baz depans piblik

Ou gen dwa pou jwenn yon IEE pou timoun ou an sou baz depans piblik, si w pa dakò ak yon evalyasyon distri lekòl ou a te jwenn pou timoun ou an, sou baz kondisyon ki vin apre yo:

1. Si w mande yon IEE pou timoun ou an sou baz depans piblik, distri lekòl ou a dwe, san okenn reta ki pa nesèsè, swa: (a) depoze yon plent pou pwosedi regilye pou mande yon odyans pou montre li apwopriye pou evalye timoun ou an; oswa (b) bay yon IEE sou baz depans piblik, sof si distri lekòl la montre, nan yon odyans, evalyasyon ou te jwenn pou timoun ou an pa t respekte kritè distri lekòl la.
2. Si distri lekòl ou a mande yon odyans, epi desizyon final la sèke evalyasyon distri lekòl la ap fè pou timoun ou an apwopriye, ou toujou gen dwa pou jwenn yon IEE, men pa sou baz depans piblik.
3. Si w mande yon IEE pou timoun ou an, distri lekòl la kapab mande poukisa ou kont evalyasyon distri lekòl ou a te jwenn pou timoun ou an. Sepandan, distri lekòl ou a kapab pa egzije yon eksplikasyon epi li kapab pa pran reta, yon fason ki pa rezonab, swa pou bay IEE timoun ou an sou baz depans piblik, oswa depoze yon plent pou

pwosedi regilye pou mande yon odyans sou pwosedi regilye pou defann evalyasyon distri lekòl la ap fè pou timoun ou an.

Ou gen dwa pou jwenn yon sèl IEE pou timoun ou an sou baz depans piblik, chak fwa distri lekòl ou a fè yon evalyasyon pou timoun ou an, ou pa dakò.

Evalyasyon paran yo inisyè

Si w jwenn yon IEE pou timoun ou an sou baz depans piblik oswa ou chwazi pataje yon evalyasyon timoun ou an te jwenn sou baz depans prive avèk distri lekòl la:

1. Distri lekòl ou a dwe konsidere rezilta evalyasyon timoun ou an, si li respekte kritè distri lekòl la pou IEE a, nan nenpòt desizyon ki pran konsènan dispozisyon FAPE pou timoun ou an; **epi**
2. Ou menm oswa distri lekòl ou a kapab prezante evalyasyon an kòm prèv nan yon odyans sou pwosedi regilye konsènan timoun ou an.

Demann pou responsab odyans san patipri yo fè evalyasyon

Si yon responsab odyans mande yon IEE pou timoun ou an kòm yon pati nan odyans sou pwosedi regilye, depans evalyasyon an dwe sou baz depans piblik.

Kritè distri lekòl la

Si gen yon IEE sou baz depans piblik, kritè yo jwenn nan kad evalyasyon an, san wete anplasman kote evalyasyon an ap fèt la ansanm ak kalifikasyon egzaminatè a, dwe se menm ak kritè distri lekòl la itilize lè li ap kòmanse yon evalyasyon (nan limit kote kritè sa yo konpatib avèk dwa ou genyen pou jwenn yon IEE).

Eksepte pou kritè ki dekri anwo a, yon distri lekòl pa kapab enpoze kondisyon oswa dat limit pou jwenn yon IEE sou baz depans piblik.

KONFIDANSYALITE ENFOMASYON

DEFINISYON

34 CFR seksyon 300.611

Jan yo itilize li anba tit **Konfidansyalite Enfòmasyon**:

Destriksyon vle di destriksyon fizik oswa retire sa ki kapab idantifye w pèsònèlman nan enfòmasyon yo yon fason pou enfòmasyon an pa gen bagay ki kapab idantifye w pèsònèlman ankò.

Dosye edikatif vle di kalite dosye ki garanti sou baz definisyon seksyon “dosye edikatif” nan 34 CFR Pati 99 (règleman sou aplikasyon Lwa 1974 sou Dwa ak Pwoteksyon Vi Prive nan Edikasyon Familyal la, 20 U.S.C. 1232g (FERPA)).

Ajans ki ap patisipe vle di nenpòt distri lekòl, ajans oswa enstitisyon ki kolekte, kenbe, oswa itilize enfòmasyon ki kapab idantifye w pèsònèlman, oswa kote yo jwenn enfòmasyon yo, sou baz Pati B IDEA.

SA KI KAPAB IDANTIFYE W PÈSONÈLMAN

34 CFR seksyon 300.32; 8 NYCRR seksyon 200.5(e)

Bagay ki idantifye w pèsònèlman vle di enfòmasyon ki gen:

- (a) non timoun ou an, non w antanke paran, oswa non yon lòt manm nan fanmi an;
- (b) adrès timoun ou an;
- (c) yon idantifyan pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal timoun ou an oswa nimewo elèv la; **oswa**
- (d) yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki kapab fè li posib pou idantifye timoun ou an yon fason ki rezonab.

AVI POU PARAN YO

34 CFR seksyon 300.612

Lè Depatman Edikasyon Eta New York la (New York State Education Department, NYSED) ak distri lekòl yo konsève enfòmasyon pèsònèl ki kapab idantifye moun, yo dwe bay yon avi ki apwopriye pou mete paran yo okouran konsènan konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ki idantifye moun yo, san wete:

1. yon deskripsyon konsènan jis nan ki pwen yo bay avi a nan lang natif natal diferan gwoup popilasyon nan Eta a;
2. yon deskripsyon sou timoun yo konsève enfòmasyon ki kapab idantifye yo pèsònèlman an, kalite enfòmasyon yo ap chèche yo, metòd yo itilize pou ransanble enfòmasyon yo (san wete sous kote enfòmasyon yo rasanble a soti), epi fason yo itilize enfòmasyon yo;

3. yon rezime sou politik ak pwosedi ajans ki ap patisipe yo dwe suiv konsènan kesyon estoke, pibliye bay lòt pati, kenbe, epi detwi enfòmasyon ki kapab idantifye yon moun pèsonèlman; **epi**
4. yon deskripsyon anrapò ak tout dwa paran yo ak timoun yo genyen konsènan enfòmasyon sa a, san wete dwa dapre FERPA ak règleman sou aplikasyon li yo nan 34 CFR Pati 99.

Anvan nenpòt gwo aktivite sou idantifikasyon, lokalizasyon, oswa evalyasyon (yo rele “chèche timoun” tou), yo dwe pibliye oswa anonse avi a nan jounal oswa lòt medya, oswa toulede, grasa sikilasyon ki apwopriye pou mete paran yo okouran konsènan aktivite pou lokalize, idantifye, epi evalye timoun ki gen bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo.

DWA POU GEN AKSÈ

34 CFR seksyon 300.613; 8 NYCRR seksyon 200.2(b)(6) ak 200.5(d)(6)

Ajans ki ap patisipe a dwe pèmèt ou enspekte epi revize nenpòt dosye edikatif ki gen rapò ak timoun ou an, distri lekòl ou a te kolekte, konsève oswa itilize sou baz Pati B IDEA. Ajans ki ap patisipe a dwe respekte demann ou fè pou enspekte epi revize nenpòt dosye edikatif sou timoun ou an san okenn reta ki pa nesèsè, epi anvan nenpòt reyinyon konsènan yon IEP, oswa nenpòt odyans san patipri sou pwosedi regilye (san wete yon reyinyon rezolisyon oswa yon odyans konsènan disiplin), epi san pa gen plis pase 45 jou sivil apre w te fè yon demann.

Dwa ou genyen pou enspekte epi revize dosye edikatif, gen:

1. dwa pou w jwenn yon repons nan men ajans ki ap patisipe a pou demann rezonab ou te fè pou jwenn eksplikasyon ak entèpretasyon sou dosye yo;
2. dwa pou mande ajans ki ap patisipe a bay kopi dosye yo, si w pa kapab enspekte ak revize dosye yo, yon fason efikas, sof si w resevwa kopi sa yo; **epi**
3. dwa pou reprezantan w lan enspekte epi revize dosye yo.

Ajans ki ap patisipe a kapab sipoze ou gen otorite pou enspekte epi revize dosye ki gen rapò ak timoun ou an, sof si yo te fè konnen ou pa gen otorite, sou baz lwa ki aplikab nan Eta a konsènan dosye tankou responsab legal, oswa separasyon ak divòs.

ANREJISTREMAN AKSÈ

34 CFR seksyon 300.614

Chak ajans ki ap patisipe dwe kenbe yon dosye konsènan pati ki jwenn aksè nan dosye edikasyon yo kolekte, konsève, oswa itilize sou baz Pati B IDEA (eksepte aksè paran ak anplwaye ki otorize nan ajans ki ap patisipe a), san wete non pati a, dat yo te bay aksè a, ansanm ak pou ki objektif pati a bay otorizasyon pou itilize dosye yo.

DOSYE SOU PLIS PASE YON TIMOUN

34 CFR seksyon 300.615

Si gen enfòmasyon sou plis pase yon (1) timoun nan nenpòt dosye edikatif, paran timoun sa yo gen dwa pou enspekte epi revize sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak timoun yo a oswa pou yo konnen enfòmasyon byen presi sa yo.

LIS KALITE AK ANPLASMAN ENFÒMASYON

34 CFR seksyon 300.616

Si w mande sa, chak ajans ki ap patisipe dwe ba w yon lis konsènan kalite ansanm ak anplasman dosye edikatif ajans lan te kolekte, konsève oswa itilize yo.

FRÈ

34 CFR seksyon 300.617

Chak ajans ki ap patisipe kapab fè w peye yon frè pou kopi dosye yo te fè pou ou sou baz Pati B IDEA, si frè a pa vrèman anpeche w egzèse dwa w genyen pou enspekte epi revize dosye sa yo.

Yon ajans ki ap patisipe pa kapab fè w peye yon frè pou chèche oswa pou rekipere enfòmasyon sou baz Pati B IDEA.

MODIFIKASYON DOSYE SOU DEMANN PARAN

34 CFR seksyon 300.618

Si w kwè enfòmasyon ki nan dosye edikatif timoun ou an, yo te kolekte, konsève, oswa itilize sou baz Pati B IDEA a pa kòrèk, li kapab twonpe moun, oswa li vyole vi prive oswa lòt dwa timoun ou an genyen, ou kapab mande ajans ki ap patisipe epi ki kenbe enfòmasyon yo, chanje enfòmasyon an.

Ajans ki ap patisipe a dwe deside si li ap chanje enfòmasyon yo an konfòmite ak demann ou an, nan yon peryòd tan rezonab apre li fin resevwa demann ou an.

Si ajans ki ap patisipe a refize chanje enfòmasyon yo an konfòmite ak demann ou an, li dwe mete w okouran konsènan refi a epi li dwe fè w konnen dwa ou genyen pou mande yon odyans nan objektif sa a, jan sa dekri anba tit **Opòtinite pou yon Odyans** lan.

OPOTINITE POU YON ODYANS

34 CFR seksyon 300.619

Ajans ki ap patisipe a dwe, si w mande sa, ba w posibilite pou mande yon odyans pou konteste enfòmasyon nan dosye edikatif timoun ou an, pou gen asirans se pa enfòmasyon ki pa kòrèk, ki kapab twonpe moun, oswa ki vyole vi prive oswa lòt dwa timoun ou an genyen.

PWOSEDI ODYANS LA

34 CFR seksyon 300.621

Yo dwe fè yon odyans pou konteste enfòmasyon nan dosye edikatif selon pwosedir pou odyans sa yo selon FERPA.

REZILTA ODYANS LA

34 CFR seksyon 300.620

Si, sou baz rezilta odyans lan, ajans ki ap patisipe a deside enfòmasyon an pa egzak, li twonpe moun oswa li vyole vi prive oswa lòt dwa timoun nan genyen, li dwe chanje enfòmasyon yo kòm sadwa, epi li dwe fè w konn sa alekri.

Si, sou baz rezilta odyans lan, ajans ki ap patisipe a deside enfòmasyon an pa egzak, li twonpe moun oswa li vyole vi prive oswa lòt dwa timoun nan genyen, li dwe mete w okouran konsènan dwa w genyen pou mete nan dosye li kenbe sou timoun ou an, yon deklarasyon pou fè kòmmanchè sou enfòmasyon an, oswa pou bay nenpòt rezon ki fè w pa dakò ak desizyon ajans ki ap patisipe a pran an.

Esplikasyon sa a yo mete nan dosye timoun ou an:

1. ajans ki ap patisipe a dwe konsève li antanke yon pati nan dosye timoun ou an toutotan se ajans ki ap patisipe a ki kenbe dosye a oswa pòsyon ki konteste a; **epi**
2. si ajans ki ap patisipe a pibliye dosye timoun ou an oswa pòsyon ki konteste a, bay nenpòt pati, li dwe pibliye eksplikasyon an bay pati sa a tou.

KONSANTMAN POU PIBLIYE ENFÒMASYON KI KAPAB IDANTIFYE W PÈSONÈLMAN

34 CFR seksyon 300.622; 8 NYCRR seksyon 200.5(b)

Anmwenske enfòmasyon an nan dosye edikasyon an, epi yo otorize divilgasyon an san konsantman paran yo sou baz FERPA, yo dwe jwenn konsantman w anvan yo pibliye enfòmasyon ki kapab idantifye w pèsonèlman, bay moun ki pa ajans ofisyèl ki ap patisipe yo. Sof nan sikonstans byen presi ki anba a, konsantman w pa obligatwa anvan yo pibliye enfòmasyon ki kapab idantifye w pèsonèlman yo bay responsab nan ajans ki ap patisipe yo, nan objektif pou respekte yon egzijans Pati B IDEA.

Yo dwe jwenn konsantman w, oswa konsantman yon timoun ki kalifye epi ki rive nan laj majorite sou baz lwa Eta a (18 lane), anvan yo pibliye enfòmasyon ki kapab idantifye moun pèsonèlman bay responsab nan ajans ki ap patisipe yo, ki bay oswa peye pou sèvis tranzisyon yo.

Si timoun ou an nan, oswa ale nan, yon lekòl prive ki pa twouve li nan menm distri lekòl kote w rete a, yo dwe jwenn konsantman w anvan yo pibliye nenpòt enfòmasyon pèsonèl ki kapab idantifye timoun ou an, bay responsab nan distri lekòl kote lekòl prive a twouve li a epi bay responsab nan distri lekòl kote w abite a.

PWOTEKSYON

34 CFR seksyon 300.623

Chak ajans ki ap patisipe dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki kapab idantifye moun pèsònèlman yo nan etap kolekte, estoke, pibliye, ak destriksyon.

Yon responsab nan chak ajans ki ap patisipe dwe pran responsabilite pou asire konfidansyalite nenpòt enfòmasyon ki kapab idantifye moun pèsònèlman.

Tout moun ki ap kolekte oswa itilize enfòmasyon ki kapab idantifye moun pèsònèlman dwe resevwa fòmasyon oswa enstriksyon anrapò ak politik epi pwosedi Eta New York konsènan konfidansyalite sou baz Pati B IDEA ak FERPA.

Chak ajans ki ap patisipe dwe kenbe, pou enspeksyon piblik, yon lis aktyèl ki gen non ak pozisyon anplwaye nan ajans lan, ki kapab gen aksè nan enfòmasyon ki kapab idantifye yon moun pèsònèlman.

DESTRIKSYON ENFÒMASYON

34 CFR seksyon 300.624

Distri lekòl ou a dwe fè w konnen lè enfòmasyon ki kapab idantifye w pèsònèlman yo te kolekte, konsève, oswa itilize yo, pa nesèsè ankò pou yo bay timoun ou an sèvis edikatif.

Yo dwe detwi enfòmasyon yo sou demann ou. Sepandan, yo kapab konsève yon dosye pèmanan ki gen non, adrès, ak nimewo telefòn timoun ou an, nòt li, dosye prezans li nan lekòl la, kou li suiv, klas li pase deja, ansanm ak ane li fini san okenn tan limit.

OPSYON POU REZoud DISPIT AMIKALMAN

Yo te etabli pwosesis pwosedi regilye a pou bay yon seri opsyon byen presi ki pèmèt yo rezoud pwoblèm oswa dezakò ki te soulve ant paran yo ak distri lekòl la konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikatif, oswa dispozisyon yon edikasyon piblik ki apwopriye (FAPE) pou yon elèv ki gen andikap, oswa yon elèv yo sispèk ki gen andikap.

Gen twa (3) opsyon diferan pou rezoud diskisyon sou edikasyon espesyal:

- Medyasyon;
- Plent Eta a; epi
- Odyans sou Pwosedi Regilye (ki rele odyans san patipri tou).

Yo ankouraje distri lekòl yo ansanm ak paran yo pou yo kolabore pou rezoud dezakò ki kapab soulve yo, grasa yon seri mwayen ki mwens kontradiktwa nan mezi sa posib. Pa egzanp, paran yo kapab kontakte pwofesè timoun yo a oswa mande pou yo reyini avèk administratè lekòl yo oswa Komite pou Edikasyon Preskolè Espesyal la (Committee on Preschool Special Education, CPSE) oswa Komite Edikasyon Espesyal la (Committee on

Special Education, CSE), pou pale konsènan enkyetid yo genyen pou edikasyon timoun nan, anvan yo kòmanse pale sou posibilite ki site anwo a epi ki detaye anba a.

MEDYASYON

34 CFR seksyon 300.506; 8 NYCRR seksyon 200.5(h)

Jeneral

Distri lekòl la dwe mete [medyasyon](#) disponib pou pèmèt ou menm ak distri lekòl la rezoud dezakò ki enplike nenpòt sijè sou baz Pati B IDEA a, san wete sijè ki te rive anvan yo te depoze yon plent pou pwosedi regilye. Kidonk, medyasyon an disponib pou rezoud konfli sou baz Pati B IDEA, kit ou te oswa w pa t depoze yon plent pou pwosedi regilye pou mande yon odyans pou pwosedi regilye jan sa dekri anba tit ***Depoze yon Plent pou Pwosedi Regilye*** a.

Egzijans

Pwosedi yo dwe asire pwosesis medyasyon an:

1. volontè bò kote w ak bò kote distri lekòl la;
2. pa la pou refize oswa retade dwa w genyen pou mande yon odyans sou pwosedi regilye, oswa refize nenpòt lòt dwa w genyen sou baz Pati B IDEA; **epi**
3. se yon medyatè ki kalifye epi ki san patipri ki pran fòmasyon nan teknik sou medyasyon efikas, ki ap dirije li.

Distri lekòl la kapab devlope yon seri pwosedi ki ofri paran yo ak lekòl ki chwazi pa itilize pwosesis medyasyon an, posibilite pou rankontre ak yon pati ki pa enterese, nan yon lè ak yon kote ki bon pou ou ak yon pati ki pa enterese:

1. ki sou kontra avèk Sant pou Rezoud Diskisyon Kominotè a (Community Dispute Resolution Center, CDRC); **epi**
2. ki kapab eksplike avantaj yo, epi ankouraje yo itilize pwosesis medyasyon an pou ou.

Eta New York itilize yon seri medyatè kalifye epi ki jwenn fòmasyon nan CDRC, ki konn lwa ak règleman ki gen rapò ak dispozisyon edikasyon espesyal epi sèvis ki asosye yo. Se CDRC ki chwazi medyatè yo yon fason owaza, sou baz wotasyon, oswa san patipri.

Aranjman pou medyasyon

Aranjman medyasyon yo fèt pa mwayen distri lekòl la ak CDRC yo. Se Eta a ki responsab depans pou pwosesis medyasyon an, san wete depans pou reyinyon yo.

Chak reyinyon nan pwosesis medyasyon an dwe pwograme atan epi yo dwe fèt yon kote ki bon pou ou ak distri lekòl la.

Akò nan medyasyon

Si ou menm ak distri lekòl la rezoud yon diskisyon pa mwayen pwosesis medyasyon an, toulede pati yo dwe antre nan yon akò legal obligatwa ki etabli rezolisyon an epi:

1. deklare tout konvèsasyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an ap rete konfidansyèl epi yo pa kapab itilize yo kòm prèv nan okenn odyans sou pwosedi regilye oswa pwosedi sivil annapre (pwosè); **epi**
2. ou menm ak yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou lye distri lekòl la siyen li. Yo kapab itilize yon akò medyasyon alekri, ki siyen, nan nenpòt tribinal Eta a ki gen jiridiksyon konpetan pou sa (yon tribinal ki gen otorite sou baz lwa Eta a pou tandè kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal distri nan peyi Etazini.

Konvèsasyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an dwe rete konfidansyèl. Yo pa kapab itilize yo alavni, kòm prèv nan okenn odyans sou pwosedi regilye oswa pwosedi sivil nan okenn tribinal federal oswa tribinal Eta nan yon Eta ki ap resevwa èd sou baz Pati B IDEA.

Netralite medyatè a

Medyatè a:

1. pa kapab yon anplwaye nan ajans edikatif Eta a oswa lekòl ki enplike nan edikasyon oswa swen timoun ou an; **epi**
2. pa dwe gen yon enterè pèsònèl oswa pwofesyonèl ki an konfli ak objektif medyatè a.

Yon moun ki kalifye antanke yon medyatè, pa yon anplwaye nan yon distri lekòl oswa ajans Eta a sèlman paske ajans lan oswa distri lekòl la peye li pou sèvi antanke yon medyatè.

PWOSEDI PLENT DEVAN ETA A

DIFERANS ANT PLENT POU ODYANS PWOSEDI REGILYE AK PWOSEDI PLENT DEVAN ETA A

Règleman pou Pati B IDEA a etabli pwosedi ki separe pou plent Eta a epi pou plent ak odyans pou pwosedi regilye yo. Jan yo eksplike sa anba a, nenpòt moun oswa òganizasyon kapab depoze yon plent Eta a pou fè konnen yon distri lekòl, NYSED, oswa nenpòt lòt ajans piblik, te vyole nenpòt egzijans pati B. Se sèlman ou menm oswa yon distri lekòl ki kapab depoze yon plent pou pwosedi regilye sou nenpòt sijè ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa yon refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif yon timoun ki gen andikap, oswa dispozisyon FAPE pou timoun nan. An jeneral, manm pèsònèl NYSED yo dwe rezoud yon plent Eta a nan espas yon dat limit 60 jou sivil, sof si yo te pwolonje dat limit la yon fason ki apwopriye. Yon responsab odyans sou pwosedi regilye dwe tandè plent yon pwosedi regilye (si li pa rezoud nan yon reyinyon rezolisyon oswa pa mwayen medyasyon), epi li dwe bay yon desizyon alekri nan espas 45 jou sivil pou elèv ki nan laj pou ale lekòl yo, epi 30 jou sivil pou elèv preskolè yo, apre peryòd rezolisyon an fini, (jan sa dekri nan dokiman sa a anba tit Pwosesis Rezolisyon an), sòf si responsab odyans lan bay yon pwolongasyon tan byen presi. Y ap fè yon pwolonjman konsa sou baz demann ou oswa demann distri lekòl la. Yo bay plis detay sou plent Eta a ak plent pou pwosedi regilye, rezolisyon ak pwosedi odyans yo anba a.

ADOPTÉ PWOSEDI PLENT DEVAN ETA A

34 CFR seksyon 300.151; 8 NYCRR seksyon 200.5(I)

Jeneral

NYSED dwe gen pwosedri alekri pou:

1. rezoud nenpòt plent, san wete yon plent yon òganizasyon oswa yon moun ki soti nan yon lòt Eta depoze;
2. depoze yon plent nan NYSED. Ou kapab voye plent Eta a bay:
New York State Education Department
Office of Special Education
89 Washington Avenue, Room 309 EB
Albany, NY 12234
3. lè w pibliye, yon fason byen laj, pwosedri plent Eta a bay paran yo ak lòt moun ki entereze yo, san wete sant fòmasyon ak enfòmasyon pou paran yo, ajans pwoteksyon ak defans yo, sant pou viv yon fason endepandan yo, ansanm ak lòt antite ki apwopriye yo.

Rekou pou refize sèvis ki apwopriye

Pou rezoud yon plent Eta a kote NYSED te konstate gen yon mank nan obligasyon pou bay sèvis ki apwopriye yo, NYSED dwe jere:

1. mankman pou bay sèvis ki apwopriye, san wete aksyon korektif ki apwopriye pou trete bezwen timoun nan; **epi**
2. dispozisyon sèvis ki apwopriye alavni pou tout timoun ki gen andikap yo.

PWOSEDI MINIMOM POU PLENT DEVAN ETA A

34 CFR seksyon 300.152; 8 NYCRR seksyon 200.5(I)

Tan limit; pwosedri minimòm

NYSED dwe ajoute nan pwosedri plent Eta li yo, yon tan limit 60 jou sivil apre yo fin depoze yon plent, pou:

1. mennen yon ankèt endepandan sou plas, si NYSED detèmine li nesèsè pou fè yon ankèt;
2. bay moun ki depoze plent lan (moun ki soumèt plent lan) posibilite pou soumèt plis enfòmasyon, swa oralman oswa alekri, konsènan akizasyon ki nan plent lan;
3. bay distri lekòl la oswa yon lòt ajans piblik posibilite pou reponn plent lan, san wete, nan yon minimòm: (a) selon opsyon ajans lan, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan; **epi** (b) yon posibilite pou yon paran ki te depoze yon plent ansanm ak ajans lan chwazi dakò volontèman pou angaje yo nan medyasyon;
4. revize tout enfòmasyon enpòtan yo epi pran yon desizyon endepandan pou konnen si distri lekòl la oswa lòt ajans piblik ap vyole yon kondisyon Pati B IDEA; **epi**

5. bay moun ki depoze plent lan yon desizyon alekri ki abòde chak akizasyon nan plent lan epi ki gen: (a) rezilta ansanm ak konklizyon yo; **epi** (b) rezon ki fè NYSED pran desizyon final la.

Pwolonje delè; desizyon final; aplikasyon

Epitou, pwosedi NYSED ki dekri anwo a, dwe:

1. otorize yon pwolongasyon pou tan limit 60 jou sivil la sèlman si: (a) gen sikonstans eksepsyonèl ki egziste, epi ki gen rapò ak yon plent devan Eta a an patikilye; **oswa** (b) paran an ak distri lekòl la oswa lòt ajans piblik ki enplike a, chwazi dakò volontèman pou pwolonje delè a pou rezoud pwoblèm lan pa mwayen medyasyon.
2. san wete pwosedi pou aplike desizyon final NYSED a yon fason efikas, si sa nesèsè, tankou: (a) aktivite èd teknik; (b) negosyasyon; **epi** (c) aksyon korektif pou atenn konfòmite.

Desizyon NYSED pran pou plent lan se yon desizyon ki final, epi ou pa kapab konteste li. Menmsi yon distri lekòl ak yon paran gen dwa pou fè yon odyans san patipri pou rezoud menm pwoblèm ki endike nan plent lan, ou pa kapab itilize odyans san patipri a kòm yon kontestasyon pou desizyon Eta a pran sou yon plent.

Plent devan Eta a ak odyans sou pwosedi regilye

Si yo resevwa yon plent devan Eta a alekri, epi plent sa a se rezon ki fè yo mande yon odyans sou pwosedi regilye jan sa dekri anba tit ***Depoze yon Plent pou Pwosedi Regilye*** a, oswa plent devan Eta a gen plizyè pwoblèm kote youn oswa plizyè fè pati yon odyans konsa, NYSED dwe mete plent devan Eta a sou kote, oswa nenpòt plent Eta a yo te abòde nan odyans sou pwosedi regilye a, jiskaske odyans lan fini. Yo dwe itilize tan limit la ak pwosedi ki dekri anwo a pou rezoud nenpòt pwoblèm ki gen nan plent Eta a ki pa fè pati odyans sou pwosedi regilye a.

Si yo te deja rezoud yon pwoblèm ki te souleve nan yon plent devan Eta a, nan yon odyans sou pwosedi regilye ki enplike menm pati yo (ou menm ak distri lekòl la), lè sa a, desizyon odyans sou pwosedi regilye a ap obligatwa pou pwoblèm sa a epi NYSED dwe fè moun ki pote plent lan konnen desizyon an obligatwa.

NYSED dwe rezoud yon plent konsènan mankman yon distri lekòl oswa lòt ajans piblik genyen pou pran yon desizyon nan odyans sou pwosedi regilye.

DEPOZE YON PLENT

34 CFR seksyon 300.153; 8 NYCRR seksyon 200.5(I)

Yon òganizasyon oswa yon moun kapab depoze yon plent devan Eta a alekri ki siyen, sou baz pwosedi ki dekri anwo yo.

Nan plent devan Eta a, dwe gen:

1. yon deklarasyon ki fè konnen yon distri lekòl oswa yon lòt ajans piblik te vyole yon egzijans Pati B IDEA oswa règleman li yo;
2. enfòmasyon deklarasyon an baze sou li a;
3. siyati ak enfòmasyon pou kontakte moun ki pote plent lan; epi

4. si yo alege yon vyolasyon konsènan yon timoun byen presi:
- (a) non timoun nan ak adrès kote timoun nan abite a;
 - (b) non lekòl kote timoun nan ye a;
 - (c) nan ka yon timoun oswa yon jèn ki sanzabri, enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan, ak non lekòl kote timoun nan ye a;
 - (d) yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun nan, san wete enfòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan; **epi**
 - (e) yon rezolisyon yo pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi yo konnen epi nan mezi li disponib pou pati ki ap depoze plent lan nan moman yo depoze plent lan.

Plent lan dwe pretann gen yon vyolasyon ki te fèt nan mwens pase yon (1) lane anvan dat yo te resevwa plent lan jan sa dekri anba tit **Adopte Pwosedè Plent devan Eta a**.

Pati ki depoze plent devan Eta a dwe voye yon kopi plent lan bay distri lekòl la oswa lòt ajans piblik ki ap sèvi timoun lan nan menm moman pati a depoze plent lan nan NYSED.

PROSES PLENT POU PWOSEDI REGILYE

DEPOZE YON PLENT POU PWOSEDI REGILYE

34 CFR seksyon 300.507; 8 NYCRR seksyon 200.5(i) ak seksyon 200.5(j)

Jeneral

Ou menm oswa distri lekòl la kapab depoze yon plent pou pwosedir regilye sou nenpòt sijè ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa yon refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikatif timoun ou an, oswa dispozisyon FAPE pou timoun ou an.

Plent pou pwosedir regilye a dwe pretann gen yon vyolasyon ki te pase nan omwen (2) lane anvan ou menm oswa distri lekòl la te okouran oswa te dwe okouran konsènan aksyon yo pretann ki fòme baz plent pou pwosedir regilye a.

Dat limit ki anwo a pa aplike pou ou si w pa t kapab depoze yon plent pou pwosedir regilye nan dat limit la paske:

1. yon fason byen presi, distri lekòl la te mal rapòte li te rezoud pwoblèm yo idantifye nan plent lan; **oswa**
2. distri lekòl la te kache enfòmasyon li te gen obligasyon pou ba ou sou baz Pati B IDEA.

Enfòmasyon pou Paran yo

Distri lekòl la dwe mete w okouran konsènan nenpòt sèvis legal gratis oswa ki pa koute chè ak lòt sèvis enpòtan ki disponib nan zòn nan si w mande enfòmasyon yo, **oswa** si ou menm oswa distri lekòl la depoze yon plent pou pwosedir regilye.

PLENT POU PWOSEDI REGILYE

34 CFR seksyon 300.508; 8 NYCRR seksyon 200.5(i) ak (j)

Jeneral

Pou mande yon odyans, ou menm oswa distri lekòl la (oswa avoka w la oswa avoka distri lekòl la) dwe soumèt yon plent pou pwosedir regilye bay lòt pati a. Nan plent sa a, dwe gen tout kontni ki site anba a epi yo dwe kenbe li konfidansyèl.

Ou menm oswa distri lekòl la, kèlkeswa moun ki depoze plent lan, dwe bay NYSED yon kopi plent lan tou.

Kontni plent lan

Nan plent pou pwosedir regilye a, dwe gen:

1. non timoun nan;
2. adrès kote timoun nan rete a;
3. non lekòl timoun nan;

4. si timoun nan se yon timoun oswa jèn ki sanzabri, enfòmasyon pou kontakte timoun nan ak non lekòl timoun nan;
5. yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun nan ki gen rapò ak mezi yo pwopoze oswa yo refize a, san wete enfòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan; **epi**
6. yon rezolisyon yo pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi yo konnen ak nan mezi li disponib pou ou menm oswa distri lekòl la nan moman an.

Avi obligatwa anvan yon odyans sou yon plent pou pwosedi regilye

Ou menm oswa distri lekòl la kapab pa gen yon odyans sou pwosedi regilye jiskaske ou menm oswa distri lekòl la (oswa avoka w la oswa avoka distri lekòl la) depoze yon plent pou pwosedi regilye ki gen enfòmasyon ki site anwo a.

Sifizans plent lan

Pou yo kontinye yon plent pou pwosedi regilye, yo dwe konsidere li kòm yon bagay ki ase. Yo ap konsidere plent pou pwosedi regilye a kòm yon bagay ki ase (paske li te respekte egzijans kontni ki anwo a) sof si pati ki ap resevwa plent pou pwosedi regilye a (ou menm oswa distri lekòl la) voye notifikasyon bay responsab odyans lan ak lòt pati a alekri, nan espas 15 jou sivil apre w fin resevwa plent lan, pou fè konnen pati ki ap resevwa a rete kwè plent pou pwosedi regilye a pa respekte egzijans ki site anwo a.

Nan espas senk (5) jou sivil apre w fin resevwa notifikasyon ki di pati ki ap resevwa a (ou menm oswa distri lekòl la) konsidere yon plent pou pwosedi regilye pa ase, responsab odyans lan dwe decide si plent pou pwosedi regilye a respekte egzijans ki site anwo a, epi li dwe enfòme ou menm ak distri lekòl la alekri san pèdi tan.

Modifikasyon plent lan

Ou menm oswa distri lekòl la kapab fè chanjman nan plent lan sèlman si:

1. lòt pati a apwouve chanjman yo alekri. epi yo bay chans pou rezoud plent pou pwosedi regilye a nan yon reyinyon rezolisyon, ki dekri anba; **oswa**
2. pou pi ta nan senk (5) jou anvan odyans pou pwosedi regilye a kòmanse, responsab odyans lan ap bay pèmasyon pou chanjman yo fèt.

Si pati ki depoze plent lan (ou menm oswa distri lekòl la) fè chanjman nan plent pou pwosedi regilye a, delè pou reyinyon rezolisyon an (nan espas 15 jou sivil apre li fin resevwa plent lan) epi nan peryòd tan pou rezolisyon an (nan espas 30 jou sivil apre li fin resevwa plent lan), ap kòmanse ankò nan dat yo te depoze plent ki chanje a.

Repons ajans lokal pou edikasyon (Local Educational Agency, LEA) oswa distri lekòl la kont yon plent pou pwosedi regilye

Si distri lekòl la pa voye yon avi alekri davans ba ou, jan sa dekri nan seksyon **Avi Alekri Davans** lan, konsènan rezon ki fè w pote plent pou pwosedi regilye ou a, nan yon delè 10 jou sivil apre yo fin resevwa plent pou pwosesis regilye a, distri lekòl la dwe voye yon repons ba ou ki ap gen ladan:

1. yon eksplikasyon sou rezon ki fè distri lekòl la pwopoze oswa refize pran mezi ki souleve nan plent pou pwosedi regilye a;

2. yon deskripsyon sou lòt opsyon CSE oswa CPSE timoun ou an te konsidere ansanm ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo;
3. yon deskripsyon sou chak pwosedi evalyasyon, tèks, dosye oswa rapò distri lekòl la te itilize kòm baz pou mezi yo te pwopoze oswa yo rejte a; **epi**
4. yon deskripsyon sou lòt faktè ki enpòtan yo ansanm ak mezi distri lekòl la te pwopoze oswa refize a.

Lefètke w bay enfòmasyon nan pwen 1-4 ki site anwo a, sa p ap anpeche distri lekòl la afime plent pou pwosedi regilye ou a pa t ase.

Repons yon lòt pati kont yon plent pou pwosedi regilye

Eksepte sa ki ekri anba soutit ki egzaktman anwo a, **repons LEA oswa distri lekòl la pou yon plent pou pwosedi regilye**, pati ki resevwa yon plent pou pwosedi regilye a dwe, nan espas 10 jou sivil apre li fin resevwa plent lan, voye bay lòt pati a, yon repons ki pale konsènan kesyon byen presi ki te souleve nan plent lan.

EGZANP FOM

34 CFR seksyon 300.509

NYSED dwe devlope fòm modèl pou ede w depoze yon plent Eta epi yon plent pou pwosedi regilye. Sepandan, NYSED oswa distri lekòl la kapab pa egzije pou w itilize modèl fòm sa yo. Ou kapab itilize [Modèl Fòm Plent Eta a](#) oswa [Modèl Fòm Avi Konsènan Plent sou Pwosedi Regilye a](#), oswa yon lòt fòm ki apwopriye, toutotan li gen enfòmasyon ki obligatwa pou depoze yon plent pou pwosedi regilye oswa yon plent Eta. Ale sou NYSED [sit entènèt Fòm ak Avi ki Gen Rapò ak Edikasyon Espesyal nan Eta New York](#).

Distri lekòl la ap fè w jwenn kopi fòm yo oswa w ap jwenn yo lè w kontakte NYSED, Biwo Edikasyon Espesyal nan 518-473-2878.

PLASMAN TIMOUN PANDAN PLENT POU PWOSEDI REGILYE A AK ODYANS YO ANNATANT (ANNATANT)

34 CFR seksyon 300.518; 8 NYCRR seksyon 200.5(m)

Eksepte jan yo dekri sa anba a sou baz **PWOSEDI LÈ YO AP DISIPLINE TIMOUN KI GEN ANDIKAP**, yonfwaw yo fin voye yon plent pou pwosedi regilye bay lòt pati a, pandan peryòd tan pwosesis rezolisyon an, epi pandan w ap tann desizyon pou nenpòt odyans san patipri pou pwosedi regilye oswa pwosedi nan tribinal, sof si ou menm ak distri lekòl ou a, oswa ou menm ak Responsab Revizyon Eta a (State Review Officer, SRO) dakò sou sa, timoun ou an dwe rete nan plasman edikatif aktyèl li a.

Si pwosesis pwosedi regilye a konsène konsantman pou yon premye evalyasyon, yo p ap evalye timoun ou an pandan pwosedi a annatant.

Si plent pou pwosedi regilye a enplike yon demann pou admisyon inisyal nan lekòl piblik, grasa konsantman w, yo dwe plase timoun ou an nan pwogram lekòl piblik regilye a, jiskaske tout pwosedi sa yo fini.

Yon timoun ki te resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè epi kounye a ki gen laj pou ale lekòl, kapab, pandan odyans ak apèl yo, rete nan menm pwogram ak pwogram preskolè a, si pwogram sa a gen yon pwogram edikasyon espesyal ki apwouve pou timoun ki nan laj pou ale lekòl tou.

Si timoun laj preskolè w la p ap resevwa sèvis ak pwogram edikasyon espesyal aktyèlman, timoun nan kapab, pandan nenpòt odyans oswa apèl, resevwa sèvis ak pwogram edikasyon espesyal si ou menm ak distri lekòl la dakò.

Si plent pou pwosedi regilye a enplike yon demann pou sèvis inisyèl sou baz Pati B IDEA a, pou yon timoun ki ap fè tranzisyon soti nan sèvis sou baz Pati C IDEA (Sèvis Entèvansyon Byen Bonè) pou vini nan Pati B IDEA a (Sèvis Edikasyon Espesyal Preskolè), epi ki pa kalifye ankò pou sèvis Pati C paske timoun nan rive gen laj twa (3) lane, distri lekòl la pa oblije bay sèvis Pati C timoun nan t ap resevwa a. Si yo twouve timoun nan kalifye sou baz Pati B IDEA a, epi w bay konsantman pou timoun nan resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou premye fwa, lè sa a, annatandan rezilta pwosedi a, distri lekòl la dwe bay edikasyon espesyal sa yo ak sèvis asosye ki pa nan diskisyon yo (sa yo ou menm ak distri lekòl la te dakò sou yo a).

Yon timoun ki te resevwa sèvis entèvansyon byen bonè epi ki pa nan laj preskolè, kapab, pandan odyans ak apèl yo, resevwa edikasyon espesyal nan menm pwogram nan antanke pwogram entèvansyon byen bonè, si pwogram sa a se yon pwogram preskolè ki apwouve tou.

PWOSIS REZOLISYON

34 CFR seksyon 300.510; 8 NYCRR seksyon 200.5(j)

Reyinyon rezolisyon

Nan espas 15 jou sivil apre w fin resevwa avi konsènan plent pou pwosedi regilye ou a, epi anvan odyans pou pwosedi regilye a kòmanse, distri lekòl la dwe òganize yon reyinyon avèk ou menm epi manm enpòtan yo oswa CSE oswa CPSE ki gen konesans byen presi sou reyalite yo idantifye nan plent pou pwosedi regilye ou a. Reyinyon an:

1. dwe gen yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou pran desizyon nan non distri lekòl la; epi
2. pa kapab gen yon avoka nan distri lekòl la, sof si yon avoka akonpaye ou.

Ou menm ak distri lekòl la detèmine manm ki enpòtan nan CSE oswa CPSE yo pou patisipe nan reyinyon an.

Objektif reyinyon an se pou ou diskite sou plent pou pwosedi regilye ou a, ak enfòmasyon ki fòme baz plent lan, yon fason pou distri lekòl la gen opòtinite pou rezoud diskisyon an.

Reyinyon rezolisyon an pa nesèsè si:

1. ou menm ak distri lekòl la dakò alekri pou anile reyinyon an; **oswa**
2. ou menm ak distri lekòl la dakò pou itilize pwosesis medyasyon an, jan sa dekri anba tit **Medyasyon** an.

Yon distri lekòl dwe fè efò ki rezonab pou jwenn patisipasyon w nan reyinyon rezolisyon an.

Peryòd rezolisyon

Si distri lekòl la pa rezoud plent pou pwosedi regilye a yon fason ki satisfè w, nan espas 30 jou sivil apre w fin resevwa plent pou pwosedi regilye a (pandan peryòd tan pou pwosesis rezolisyon an), odyans pou pwosedi regilye a kapab fèt.

Dat limit 45 jou sivil pou pran yon desizyon final pou elèv ki nan laj pou ale lekòl yo, oswa 30 jou sivil pou pran yon desizyon final pou elèv preskolè yo, kòmanse nan ekspirasyon peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, avèk kèk eksepsyon pou ajisteman ki fèt nan peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, jan sa dekri anba a.

Sof nan ka kote ni ou menm ni distri lekòl la te dakò pou renonse ak pwosesis rezolisyon an oswa pou itilize medyasyon, **si w pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, sa ap retade delè pou pwosesis rezolisyon an ak odyans pou pwosedi regilye a jiskaske ou dakò pou patisipe nan yon reyinyon.** Si w deside pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, yon responsab odyans san patitipre kapab rejte odyans san patipri ou a.

Si apre yo fin fè efò rezonab epi yo w fin ekri efò sa yo, distri lekòl la pa kapab jwenn patisipasyon ou nan reyinyon rezolisyon an, nan fen peryòd 30 jou sivil pou rezolisyon an, distri lekòl la kapab mande pou yon responsab odyans san patipri rejte plent pou pwosedi regilye ou a. Nan dokiman konsènan efò sa yo, dwe gen yon dosye konsènan tantativ distri lekòl la te fè pou rive jwenn yon akò nan tèt ansanm sou lè ak kote a, tankou:

1. anrejistreman detaye konsènan apèl telefòn yo te fè oswa yo te eseye fè, epi rezilta apèl sa yo;
2. kopi korespondans yo te voye ba ou a ak nenpòt repons yo te resevwa; epi
3. anrejistreman detaye konsènan vizit yo te fè lakay ou oswa nan travay ou, epi rezilta vizit sa yo.

Si distri lekòl la pa òganize reyinyon rezolisyon an nan 15 jou sivil apre li fin resevwa avi konsènan plent pou pwosedi regilye ou a **oswa** li pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, ou kapab mande pou yon responsab odyans bay lòd pou yo kòmanse delè 45 jou sivil odyans pwosedi regilye pou elèv ki nan laj pou ale lekòl la (oswa delè 30 jou sivil odyans pwosedi regilye pou elèv preskolè).

Ajisteman nan peryòd rezolisyon 30 jou sivil la

Si ou menm ak distri lekòl la dakò alekri pou renonse ak reyinyon rezolisyon an, lè sa a, delè 45 jou sivil odyans pwosedi regilye pou elèv ki nan laj pou ale lekòl la (oswa 30 jou sivil pou elèv preskolè yo) ap kòmanse nan pwochen jou sivil la.

Apre kòmansman medyasyon an oswa reyinyon rezolisyon an epi anvan peryòd 30 jou sivil la fini, si ou menm ak distri lekòl la dakò alekri pa gen okenn akò ki posib, lè sa a, delè 45 jou sivil odyans pou pwosedi regilye pou elèv ki nan laj pou ale lekòl la oswa 30 jou sivil pou elèv preskolè yo, ap kòmanse nan pwochen jou sivil la.

Si ou menm ak distri lekòl la dakò pou itilize pwosesis medyasyon an, nan fen peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, toulede pati yo kapab dakò alekri pou yo kontinye medyasyon an jiskaske yo jwenn yon akò. Sepandan, si oumenm oswa distri lekòl la soti nan

pwosesis medyasyon an, lè sa a, dat limit 45 jou sivil oswa 30 jou sivil odyans pou pwosedi regilye a ap kòmanse nan pwochen jou sivil la.

Akò alekri

Si yo jwenn yon rezolisyon pou diskisyon an nan reyinyon rezolisyon an, ou menm ak distri lekòl la dwe antre nan yon akò legal obligatwa:

1. ou menm ak yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou lye distri lekòl la, siyen; **epi**
2. yo kapab itilize nan nenpòt tribinal Eta a ki gen jiridiksyon konpetan pou sa (yon tribinal Eta a ki gen otorite pou tande kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal distri nan peyi Etazini.

Peryòd revizyon akò a

Si ou menm ak distri lekòl la antre nan yon akò kòm rezilta nan yon reyinyon rezolisyon, nenpòt pati (ou menm oswa distri lekòl la) kapab anile akò a nan twa (3) jou travay apati moman kote ou menm ak distri lekòl la te fin siyen akò a.

ODYANS SOU PLENT POU PWOSEDI REGILYE

ODYANS SAN PATIPRI SOU PWOSEDI REGILYE

34 CFR seksyon 300.511; 8 NYCRR seksyon 200.1(x), 200.5(i) ak (j)

Jeneral

Chak fwa yo depoze yon plent pou pwosedri regilye, ou menm oswa distri lekòl ki enplike nan pwoblèm nan dwe gen posibilite pou mande yon odyans san patipri pou pwosedri regilye, jan sa dekri nan seksyon **Plent pou Pwosedri Regilye** ak **Pwosesis Rezolisyon**. Distri lekòl la nomen responsab odyans san patipri a apati yon lis wotasyon. Se responsab odyans san patipri a ki òganize odyans san patipri a.

Reponsab odyans san patipri (Impartial Hearing Officer, IHO)

Omwon, yon IHO dwe:

1. pa yon anlwaye nan ajans edikatif Eta a oswa lekòl ki enplike nan edikasyon oswa swen timoun nan. Sepandan, yon moun pa yon anlwaye nan ajans lan sèlman paske ajans lan te peye li pou li sèvi kòm yon responsab odyans;
2. pa dwe gen yon enterè pèsònèl oswa pwofesyonèl ki an konfli ak objektif responsab odyans lan nan odyans lan;
3. dwe konnen epi konprann dispozisyon ki nan IDEA, règleman federal ak règleman Eta a ki gen rapò ak IDEA, epi fason tribinal federal ak tribinal Eta a entèprete IDEA a yon fason jiridik; **epi**
4. dwe gen konesans ak kapasite pou fè odyans, epi pou pran ak ekri desizyon, ki an amoni ak pratik legal, estanda ki apwopriye.

Chak distri lekòl dwe kenbe yon lis moun sa yo ki sèvi antanke IHO.

Sijè odyans pou pwosedri regilye

Pati (ou menm oswa distri lekòl la) ki mande odyans pou pwosedri regilye a pa kapab souleve pwoblèm yo pa t abòde nan avi konsènan plent pou pwosedri regilye a, nan odyans pou pwosedri regilye a, sof si lòt pati a dakò.

Delè pou mande yon odyans

Oumenm oswa distri lekòl la dwe mande yon odyans san patipri nan yon plent pou pwosedri regilye nan espas de (2) lane apati dat ou menm oswa distri lekòl la te konnen oswa te dwe konnen pwoblèm yo ap trete nan plent lan.

Eksepsyon nan delè a

Dat limit ki anwo a pa aplike pou ou si w pa t kapab depoze yon plent pou pwosedri regilye paske:

1. yon fason presi, distri lekòl la te mal rapòte li te rezoud pwoblèm ou te souleve nan plent ou an; **oswa**

2. distri lekòl la te kache enfòmasyon li te gen obligasyon pou ba ou sou baz Pati B IDEA.

DWA POU MANDE ODYANS

34 CFR seksyon 300.512; 8 NYCRR seksyon 200.5(j)

Jeneral

Nenpòt pati nan yon odyans pou pwosedi regilye (san wete yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) oswa yon apèl, jan sa dekri anba soutit **Apèl sou desizyon yo; revizyon san patipri**, gen dwa pou:

1. yon avoka epi/oswa moun ki gen konesans oswa fòmasyon espesyal konsènan pwoblèm timoun ki gen andikap la, dwe akonpaye epi enfòm li;
2. prezante prèv epi konfwonte, poze kesyon kont, epi egzije prezans temwen;
3. entèdi yo prezante nenpòt prèv nan odyans lan yo pa t voye bay lòt pati a omwen senk (5) jou travay anvan odyans lan;
4. jwenn yon anrejistreman odyans lan alekri, oswa, si w vle, yon anrejistreman elektwonik, mo pou mo; **epi**
5. jwenn rezilta enfòmasyon ak desizyon alekri, oswa, selon sa w vle.

Pibliye lòt enfòmasyon

Omwen senk (5) jou travay anvan yon odyans pou pwosedi regilye, ou menm ak distri lekòl la dwe pibliye bay youn lòt, tout evalyasyon ki te fèt anvan dat sa a epi tout rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon sa yo ou menm oswa distri lekòl la gen entansyon itilize nan odyans lan.

Yon IHO kapab anpeche nenpòt pati ki pa respekte egzijans sa a prezante evalyasyon oswa rekòmandasyon ki enpòtan nan odyans lan, san konsantman lòt pati a.

Dwa paran yo nan odyans yo

Yo dwe ba w dwa pou:

1. fè timoun ou an prezan;
2. otorize piblik la asiste odyans lan;
3. fè yo ba w dosye odyans lan, rezilta enfòmasyon yo ansanm ak desizyon yo san w pa peye anyen; **epi**
4. gen yon entèprèt pou moun ki soud oswa yon entèprèt ki pale lang natif natal ou byen, si sa nesèsè, san w pa peye anyen.

34 CFR seksyon 300.513; 8 NYCRR seksyon 200.5(j)

Desizyon responsab odyans lan

Desizyon yon IHO pou di si timoun ou an te resevwa FAPE, dwe baze sou prèv ki fonde.

Nan dosye ki pretann yon vyolasyon pwosedi, yon IHO kapab twouve timoun ou an pa t resevwa FAPE sèlman si ensifizans pwosediral yo:

1. entèfere ak dwa pou timoun ou an gen FAPE;
2. te vrèman entèfere ak posibilite pou w patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan dispozisyon FAPE pou timoun ou an; **oswa**
3. te lakoz yon mank avantaj edikatif.

Kloz sou konstriksyon

Yo pa kapab entèprete okenn nan dispozisyon ki dekri anwo yo pou anpeche yon IHO bay lòd pou yon distri lekòl respekte egzijans ki nan seksyon garanti pwosediral pou règleman federal la sou baz Pati B IDEA a (34 CFR seksyon 300.500 rive nan 300.536).

Okenn nan dispozisyon ki anba soutit: ***Lè w depoze yon Plent pou Pwosedi Regilye; Plent pou Pwosedi Regilye; Fòm Modèl; Pwosedi Rezolisyon; Odyans san Patipri sou Pwosedi Regilye; ak Desizyon nan Odyans*** (34 CFR seksyon 300.507 rive nan 300.513), sa kapab afekte dwa w genyen pou depoze yon apèl kont desizyon nan odyans sou pwosedi regilye a devan SRO (gade seksyon **Apèl - Finalite Desizyon an**).

Demann separe pou yon odyans sou pwosedi regilye

Yo pa kapab entèprete anyen nan seksyon garanti pwosediral konsènan règleman federal la sou baz Pati B IDEA (34 CFR seksyon 300.500 rive nan 300.536) pou anpeche w depoze yon plent sou pwosedi regilye pou yon pwoblèm ki separe ak yon plent sou pwosedi regilye ki deja depoze.

REVIZYON AKSELERE EPI LOD POU REPARASYON

8 NYCRR seksyon 200.5(j) ak (o)

Jeneral

Ou kapab mande pou yo nome yon IHO san pèdi tan, pou trete demann reparasyon apati plent pou pwosedi regilye ki te annatant pou yo nome yon IHO depi 196 jou oswa plis. Nan espas yon (1) jou travay apre yo fin resevwa demann ou fè pou revizyon akselere a, yo dwe nome yon IHO. Yonfwa yo fin nome IHO a, li kapab bay yon òdonans oswa konklizyon sou baz yon pwopozisyon òdonans reparasyon yon paran soumèt, ki idantifye pwogram ak sèvis ki apwopriye epi ki pèsonalize pou elèv la.

Notifikasyon

Distri yo gen obligasyon pou bay notifikasyon alekri konsènan dwa ou genyen pou mande yon revizyon akselere nan **196 jou apati jou ou te depoze yon plent pou pwosedi regilye**. Yon fason presi, distri yo dwe ba w notifikasyon alekri pou pita nan **senk (5) jou apre 196yèm jou ki fini** depi yo te depoze plent pou pwosedi regilye a.

Konsiderasyon anvan yo mande revizyon ki akselere:

1. Demann revizyon ki akselere a se yon bagay volontè – se ou ki pou chwazi mande revizyon akselere a, epi li pa obligatwa;
2. yo pa kapab mande revizyon akselere pou reklamasyon ki gen rapò ak premye idantifikasyon an antanke yon elèv ki gen andikap, oswa pou detèmine manifestasyon;
3. ou konprann yo dwe fè revizyon akselere a nan plas pwosedi odyans san patipri a selon yon pwosedi regilye, jan sa dekri nan seksyon **Pwosedi Odyans Regilye san Patipri, Dwa pou Odyans ak Desizyon Odyans** lan (34 CFR seksyon 300.507 rive nan 300.513);
4. ou konprann epi w dakò revizyon an ap fèt *sitou* nan dosye alekri epi pa mwayen imèl;
5. dat limit la, apati demann inisyal ou te fè pou reparasyon akselere a rive jis lè responsab odyans san patipri a pran yon desizyon final, se dwe nan 21 jou travay omaksimòm;
6. desizyon final responsab odyans san patipri a pran an dwe swa (a) òdonans reparasyon ou te pwopoze a; (b) òdonans reparasyon ou te pwopoze a, jan responsab odyans lan te modifiye li sou baz dosye a; oswa (c) yon rezilta ki montre yo pa garanti okenn reparasyon sou baz dosye a; epi
7. si ou menm oswa distri a pa dakò ak desizyon final responsab odyans san patipri a pran an, ou menm oswa distri a kapab fè apèl kont desizyon an devan Biwo Revizyon Eta a, sofke Biwo Revizyon Eta a p ap aksepte yon apèl kont yon desizyon final lè responsab odyans san patipri a te òdone reparasyon ou te pwopoze a.

APÈL**FINALITE DESIZYON; APÈL; REVIZYON SAN PATIPRI****34 CFR seksyon 300.514; 8NYCRR seksyon 200.5(k)****Finalite desizyon odyans lan**

Desizyon yo pran nan yon odyans sou pwosedi regilye (san wete odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) se yon desizyon final, sofke nenpòt ki pati ki enplike nan odyans lan (ou menm oswa distri lekòl la) kapab fè apèl kont desizyon an devan NYSED, Biwo Revizyon Eta a.

Apèl kont desizyon IHO nan nivo Eta a

Desizyon IHO la pran an se desizyon final la, sof si ou menm oswa distrik lekòl la mande pou yon SRO revize desizyon IHO a (ki rele demann pou revizyon). Si w vle fè apèl kont desizyon IHO a devan yon SRO, ou dwe voye yon Avi Entansyon pou Jwenn Revizyon (Fòm A) bay distrik lekòl la **nan 25 jou apre dat desizyon IHO a**. Ou dwe remèt Avi pou mande revizyon an (Fòm B) ak demann revizyon an, an pèsòn nan distrik lekòl la **nan 40 jou apre dat desizyon IHO a**. SRO a ap:

1. pran yon desizyon oplita nan 30 jou sivil. SRO a kapab prolonje tan an pou plis pase 30 jou pou rezon valab, oumenm oswa distri lekòl la prezante alekri nan moman ki apwopriye. Pwolonjman an dwe pou yon tan byen presi.
2. voye kopi rezilta enfòmasyon yo alekri oswa, selon chwa ou, sou fòm elektwonik, epi desizyon an ba w oswa avoka w la epi konsèy edikatif la (Board of Education, BOD) nan 30 jou oswa nan yon peryòd tan SRO a pwolonje, jan sa parèt anba a.

Ou kapab jwenn règ pou depoze yon apèl devan SRO nan: <http://www.sro.nysed.gov>.

Si gen yon apèl, SRO a dwe jere yon revizyon san patipri konsènan rezilta ak desizyon apèl la. Responsab ki ap jere revizyon an dwe:

1. egzamine anrejistreman odyans lan an antye;
2. gen asirans pwosedi nan odyans lan te an amoni ak egzijans ki nan pwosedi regilye a;
3. chèche plis prèv si sa nesèsè. Si yo òganize yon odyans pou resevwa plis prèv, se dwa odyans ki dekri anba tit **Dwa Odyans** lan, ki ap aplike;
4. bay pati yo posibilite pou fè deklarasyon aloral oswa alekri, oswa toulede, selon jan responsab revizyon an vle;
5. pran yon desizyon endepandan pou konplete revizyon an; **epi**
6. bay ou menm ak distri lekòl la yon kopi rezilta enfòmasyon ak desizyon yo alekri, oswa sou fòm elektwonik, selon jan w vle.

Finalite revizyon desizyon an

Desizyon SRO a pran an se desizyon final la, sof si ou menm oswa distri lekòl la antame yon aksyon sivil, jan sa dekri anba a.

DELÈ AK ITILITE ODYANS EPI REVIZYON

34 CFR seksyon 300.515; 8 NYCRR seksyon 200.5(j) ak 200.16(h)

Distri lekòl la dwe asire li, pou pita nan 45 jou sivil pou elèv ki nan laj pou ale lekòl yo oswa 30 jou sivil pou elèv preskolè yo, apre peryòd 30 jou sivil pou reyinyon rezolisyon yo fini ekspire, **oswa**, jan sa dekri anba soutit **Ajisteman nan peryòd rezolisyon 30 jou sivil la**, pou pita nan espas 45 jou sivil pou elèv ki nan laj pou ale lekòl yo oswa 30 jou sivil pou elèv preskolè yo, apre peryòd tan ki modifye a fin ekspire:

1. yo pran yon desizyon final nan odyans lan; **epi**
2. yo voye yon kopi desizyon an nan kourye lapòs bay ou menm ak distri lekòl la.

SRO a dwe asire li pou pita nan 30 jou apre yo te resevwa yon demann pou revizyon oswa nan yon delè SRO a pwolonje:

1. yo pran yon desizyon final nan revizyon an; **epi**
2. yo voye yon kopi desizyon an nan kourye lapòs bay ou menm ak distri lekòl la.

Yon IHO oswa yon SRO kapab akòde pwolonjman ki ale pi lyen peryòd tan ki dekri anwo a (45 jou sivil kòm dat limit desizyon odyans pou elèv ki nan laj pou ale lekòl oswa 30 jou sivil kòm dat limit desizyon odyans pou elèv preskolè yo, epi 30 jou sivil kòm dat limit desizyon SRO), si ou menm oswa distri lekòl la fè yon demann byen presi pou pwolonje dat limit la.

Chak odyans ak revizyon ki enplike yon seri agiman aloral, dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki bon pou ou menm ak timoun ou an, yon fason rezonab.

AKSYON SIVIL, SAN WETE PERYÒD TAN POU DEPOZE AKSYON SA YO

34 CFR seksyon 300.516; 8 NYCRR seksyon 200.5(k)

Jeneral

Nenpòt pati (ou menm oswa distri lekòl la) ki pa dakò ak rezilta epi desizyon yo pran nan revizyon nivo Eta a, gen dwa pou mennen aksyon sivil konsènan dosye ki gen rapò ak odyans pou pwosedi regilye a (san wete yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè). Yo kapab mennen aksyon an nan yon tribinal Eta a ki gen jiridiksyon konpetan pou sa (yon tribinal Eta a ki gen otorite pou tande kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal distri nan peyi Etazini san yo pa konsidere montan diskisyon an.

Limit tan

Pati (ou menm oswa distri lekòl la) ki mennen aksyon an gen kat (4) mwa apati dat desizyon SRO a pou depoze yon aksyon sivil.

Lòt pwosedi

Nan nenpòt aksyon sivil, tribinal la:

1. resevwa dosye pwosedi administratif yo;
2. tandè lòt prèv sou demann ou, oswa sou demann distri lekòl la; **epi**
3. baze desizyon li yo sou preponderans prèv yo epi akòde reparasyon tribinal la jije ki apwopriye yo.

Jiridiksyon tribinal distri yo

Tribinal distrik nan peyi Etazini yo gen otorite pou deside sou aksyon moun mennen sou baz Pati B IDEA, san yo pa konsidere montan diskisyon an.

Règ sou restriksyon

Pa gen anyen nan Pati B IDEA ki mete restriksyon oswa limit sou dwa, pwosedi, ak rekou ki disponib sou baz Konstitisyon Ameriken an, Lwa 1990 sou Ameriken ki gen Andikap yo, Tit V Lwa 1973 sou Reyadaptasyon an (Seksyon 504), oswa lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap yo. Sepandan, anvan yo depoze yon aksyon sivil sou baz lwa sa yo nan objektif pou jwenn reparasyon ki disponib tou sou baz Pati B IDEA a, yo dwe fin itilize pwosesis pwosedi regilye ki dekri anwo a nan menm mezi li t ap nesesè si pati a te depoze aksyon an sou baz B IDEA. Sa vle di ou kapab gen rekou ki disponib sou baz lòt lwa ki koyenside ak sa ki disponib sou baz IDEA a, men, an jeneral, pou jwenn reparasyon sou baz lòt lwa sa yo, toudabò, ou dwe itilize rekou administratif ki disponib sou baz IDEA a (sètadi, plent pou pwosedi regilye a; reyinyon rezolisyon an, ak pwosedi odyans san patipri pou pwosedi regilye a) anvan ou ale dirèkteman nan tribinal la.

FRÈ POU AVOKA

34 CFR seksyon 300.517

Jeneral

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi ki fèt sou baz Pati B IDEA, si w genyen, selon jan tribinal la vle, li kapab akòde yon seri frè pou avoka yon fason rezonab, kòm yon pati nan depans pou w fè.

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi ki fèt sou baz Pati B IDEA, selon jan tribinal la vle, li kapab akòde yon seri frè pou avoka yon fason rezonab, kòm yon pati nan depans pou yon distri lekòl ki genyen, oswa NYSED, pou avoka w la peye, si avoka a: (a) depoze yon plent oswa dosye jidisyè, tribinal la twouve ki pa itil, pa rezonab, oswa san fondman; **oswa** (b) kontinye plede apre li fin parèt klè pwoblèm nan pa t itil, pa rezonab, oswa san fondman **oswa**

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi ki fèt sou baz Pati B IDEA, selon jan tribinal la vle, li kapab akòde yon seri frè pou avoka yon fason rezonab, kòm yon pati nan depans pou yon ajans edikasyon Eta a oswa distri lekòl ki genyen, pou ou menm oswa avoka w la peye, si yo te prezante demann odyans sou pwosedi regilye oswa dosye jidisyè pi devan ou an, pou nenpòt rezon ki pa apwopriye, tankou agresyon, pou reta ki pa nesesè, oswa ogmantasyon nan depans pou aksyon oswa pwosedi ki pa nesesè.

Atribiye frè

Yon tribinal atribiye frè ki rezonab pou avoka yo, fason ki vin apre a:

1. Frè yo dwe baze sou pousantaj ki an vigè nan kominote kote aksyon oswa odyans lan te kòmanse pou kalite sèvis yo bay yo. Yo pa dwe itilize bonis oswa miltiplikatè pou kalkile frè yo atribiye yo.
2. Yo pa kapab atribiye frè ansanm ak depans ki asosye yo kòm ranbousman nan okenn aksyon oswa pwosesis sou baz Pati B IDEA pou sèvis yo te bay apre yo fin ofri w yon règleman alekri si:
 - a. òf la fèt nan espas tan Règ 68 nan Règleman Federal Pwosedi Sivil la preskri oswa, nan ka nan yon odyans pou pwosedi regilye oswa revizyon nan nivo Eta a, nan nenpòt moman ki plis pase 10 jou sivil anvan pwosedi a kòmanse;
 - b. yo p ap aksepte òf la nan espas 10 jou sivil; **epi**
 - c. tribinal la oswa responsab odyans administratif la twouve reparasyon final ou te jwenn nan pa plis favorab pou ou pase règleman yo ofri w la.

Malgre restriksyon sa yo, yo kapab atribiye w yon frè avoka ak depans ki asosye, si w genyen epi, yon fason konsiderab, yo te jistifye ou gen rezon pou rejte règleman yo ofri w la.

3. Yo pa kapab atribiye frè ki gen rapò ak nenpòt reyinyon CSE oswa CPSE sof si yo fè reyinyon an kòm rezilta yon pwosedi administratif oswa aksyon tribinal la.

Yo pa konsidere yon reyinyon rezolisyon, jan sa dekri anba tit **Pwosesis Rezolisyon** an, kòm yon reyinyon ki fèt akòz yon odyans administratif oswa aksyon tribinal, epitou yo pa konsidere li kòm yon odyans administratif oswa aksyon tribinal nan objektif pou pran dispozisyon konsènan frè avoka sa yo.

Tribinal la ap diminye, jan sa apwopriye, montan frè avoka yo te atribiye sou baz Pati B IDEA, si tribinal la twouve:

1. ou menm, oswa avoka w la, pandan aksyon an oswa pwosedi a ap fèt, retade rezolisyon final nan diskisyon an, san rezon;
2. montan frè avoka yo otorize pou atribiye a depase, san okenn rezon, to èdtan ki an vigè nan kominote a pou sèvis menm jan ak avoka ki gen menm konpetans, repitasyon ak eksperyans yo, yon fason rezonab;
3. tan yo pase a ansanm ak sèvis jiridik yo bay yo te twòp, lè yo konsidere nati aksyon oswa pwosedi a; **oswa**
4. avoka ki reprezante w la pa t bay distri lekòl la enfòmasyon ki apwopriye nan avi sou demann pou pwosedi regilye a jan sa dekri anba tit **Plent pou Pwosedi Regilye** a.

Sepandan, tribinal la kapab pa diminye frè yo si tribinal la twouve Eta a oswa distri lekòl la retade rezolisyon final aksyon oswa pwosedi a, yon fason ki pa rezonab, oswa si te gen yon vyolasyon sou baz dispozisyon garanti pwosediral Pati B IDEA.

PWOSEDI LÈ YO AP DISIPLINE TIMOUN KI GEN ANDIKAP

OTORITE PÈSONÈL LEKÒL LA

34 CFR seksyon 300.530; 8 NYCRR seksyon 201.2 - 201.7

Detèminasyon ka-pa-ka

Manm pèsonèl lekòl la kapab konsidere nenpòt sikonstans inik sou yon baz ka-pa-ka, lè yo ap detèmine si yon chanjman plasman ki fèt an konfòmite ak egzijans ki vin apre yo ki gen rapò ak disiplin, apwopriye pou yon timoun ki gen andikap, epi ki vyole yon kòd lekòl sou konduit elèv yo.

Jeneral

Pwosedir pou disiplin elèv ki gen andikap yo dwe fèt an konfòmite ak seksyon 3214 Lwa sou Edikasyon an epi Pati 201 Règleman Manm Komisyon Edikasyon an. Toutpandan lekòl la gen otorite pou sispansyon oswa deplase timoun ou an poutèt li vyole kòd konduit lekòl la, ou menm ak timoun ou an gen yon seri dwa pandan tout pwosesis la.

Dwa ki aplikab pou tout elèv yo

1. Pou jwenn notifikasyon san pèdi tan nan telefòn, si posib, epi pou resevwa avi alekri nan espas 24 èdtan nan ka kote yo pwopoze yon sispansyon senk (5) jou lekòl oswa mwens. Avi a dwe dekri ensidan an, sispansyon yo pwopoze a ansanm ak dwa timoun ou an genyen. Epitou, ou gen dwa pou mande yon konferans enfòmèl avèk direktè lekòl la, ki ap fèt anvan sispansyon an, sof si prezans timoun ou an nan lekòl la prezante yon danje (nan ka sa a, yo kapab òganize konferans enfòmèl la apre yo fin sispansyon timoun ou an).
2. Pou resevwa notifikasyon alekri sou posibilite pou odyans yon direktè jeneral, si sispansyon an dire plis pase senk (5) jou lekòl youn apre lòt, sa ki dekri dwa timoun ou an genyen pou gen yon avoka, pou poze kesyon, epi pou prezante temwen.
3. Pou timoun ou an resevwa yon enstriksyon altènatif pandan dis premye jou nenpòt sispansyon oswa ranvwa nan menm mezi ak elèv ki pa gen andikap yo, si timoun ou an gen laj ki obligatwa pou ale lekòl la.

Dwa ki aplikab pou elèv ki gen andikap yo

Nan mezi kote yo pran desizyon sa yo tou pou timoun ki pa gen andikap yo, manm pèsonèl lekòl la kapab, pandan **10 jou lekòl** omaksimòm youn dèyè lòt, retire yon timoun ki gen andikap ki vyole yon kòd konduit elèv nan plasman li ye aktyèlman an, pou plase elèv la nan yon kad edikatif altènatif pwovizwa ki apwopriye (Interim Alternative Educational Setting, IAES), CSE oswa CPSE timoun nan dwe detèmine, yon lòt kad, oswa sispansyon. Epitou manm pèsonèl lekòl la kapab enpoze yon seri ranvwa anplis pou timoun nan ki pa depase **10 jou lekòl** youn dèyè lòt nan menm ane eskolè a pou ensidan move kondwit separe, toutotan ranvwa sa yo pa konstitiye yon chanjman plasman (gade **Chanjman Plasman Akoz Ranvwa Disiplinè** pou definisyon an, anba a).

Yonfwa yo fin retire yon timoun ki gen andikap nan plasman li ye aktyèlman an pou yon total **10 jou lekòl** nan menm ane eskolè a, distri lekòl la dwe, pandan nenpòt jou ki vin apre ranvwa nan ane eskolè sa a, bay sèvis nan limit ki nesèsè anba a sou baz soutit **Sèvis yo**.

Lòt otorite

Si konpòtman ki vyole kòd kondwit elèv la pa t rive akòz andikap timoun nan (gade **Detèmine manifestasyon**, anba a) epi chanjman disiplinè plasman an ap depase **10 jou lekòl** youn dèyè lòt, manm pèsonèl lekòl la kapab aplike pwosedi disiplinè yo pou timoun sa a ki gen yon andikap, nan menm fason epi pandan menm kantite tan an, jan sa t ap ye pou timoun ki pa gen andikap yo, sofke lekòl la dwe bay timoun sa yo sèvis yo jan yo dekri sa anba a sou baz **Sèvis yo**. Se CSE oswa CPSE timoun nan ki detèmine IAES pou sèvis sa yo.

Sèvis

Yo kapab bay sèvis yo dwe bay yon timoun ki gen andikap epi yo te retire nan plasman aktyèl li a, nan kad yon IAES.

Yon distri lekòl gen obligasyon pou bay sèvis pou yon timoun ki gen andikap yo te retire nan plasman aktyèl li a pou **10 jou lekòl oswa mwens** nan ane eskolè sa a, si li bay sèvis pou yon timoun ki pa gen andikap epi yo te retire nan menm fason an.

Nan Eta New York, distri lekòl la dwe bay lòt posibilite enstriksyon pou yon elèv ki gen yon andikap epi yo te sispann pandan mwens pase 10 jou nan yon ane eskolè, si elèv la gen laj obligatwa pou ale lekòl. Si elèv la pa gen laj obligatwa pou ale lekòl, yo dwe bay lòt posibilite enstriksyon an si yo bay sèvis sa yo pou elèv ki pa gen andikap.

Egzijans nan kesyon sèvis edikatif pou elèv ki andikape, pandan 10 premye jou sispannyon nan yon ane eskolè, se menm ak sa ki pou elèv ki pa gen andikap yo. Nan Eta New York, yo dwe bay lòt posibilite enstriksyon yo pandan de (2) èdtan pa jou ominimòm (10 èdtan enstriksyon chak semèn) pou yon elèv nan primè, epi twa (3) èdtan pa jou (15 èdtan enstriksyon chak semèn) pou yon elèv nan segondè. Si yo sispann yon elèv ki pa gen laj obligatwa pou ale lekòl, distri lekòl la pa oblije bay elèv la lòt posibilite enstriksyon, sof si yo bay elèv ki pa gen andikap yo enstriksyon sa a.

Yon timoun ki gen yon andikap yo retire nan plasman aktyèl li a pou **plis pase 10 jou lekòl** dwe:

1. kontinye resevwa sèvis edikasyon, pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, aktout li nan yon lòt anviwònman, epi pou li fè pwogrè pou rive atenn objektif yo fikse nan IEP timoun nan; **epi**
2. jan sa apwopriye a, resevwa yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA), ak sèvis epi modifikasyon entèvansyon konpòtmantal (Behavioral Intervention, BIP) ki fèt pou jere vyolasyon konpòtman an yon fason pou sa pa rive ankò.

Aprè yo fin retire yon timoun ki gen andikap nan plasman aktyèl li a pandan **10 jou lekòl** nan menm ane eskolè a, epi **si** retrè aktyèl la se pou **10 jou lekòl** youn dèyè lòt oswa mwens **epi** si retrè a se pa yon chanjman plasman (gade definisyon anba a), **lè sa a**, manm pèsonèl lekòl la, nan kolaborasyon avèk omwen youn nan pwofesè timoun nan, ap detèmine jis nan ki pwen yon sèvis nesèsè pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe

nan pwogram edikasyon jeneral la, aktout li nan yon lòt anviwònman, epi pou li fè pwogrè pou rive atenn objektif yo fikse nan IEP timoun nan.

Si retrè a se yon chanjman plasman (gade definisyon anba a), CSE oswa CPSE timoun nan ap deside ki sèvis ki apwopriye pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, aktout li nan yon lòt anviwònman, epi pou li fè pwogrè pou rive atenn objektif yo fikse nan IEP timoun nan.

Detèmine manifestasyon

Nan espas **10 jou lekòl** apre nenpòt desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen yon andikap akòz timoun nan vyole yon kòd konpòtman elèv (eksepte pou yon retrè ki se pou **10 jou lekòl** youn dèyè lòt oswa mwens, epi ki pa yon chanjman plasman), distri lekòl la, paran an ansanm ak lòt manm ki enpòtan nan CSE oswa CPSE a (jan paran an ansanm ak distri lekòl la detèmine sa) dwe revize tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye elèv la, san wete IEP timoun nan, nenpòt remak pwofesè yo fè, epi nenpòt enfòmasyon enpòtan paran an bay pou detèmine:

1. si konpòtman yo ap trete a te rive akòz, oswa te gen yon relasyon dirèk epi enpòtan ak, andikap timoun nan; **oswa**
2. si konpòtman yo ap trete a te rive dirèkteman akòz distri lekòl la pa t aplike IEP timoun nan.

Si distri lekòl la, paran an, ak lòt manm ki enpòtan nan CSE oswa CPSE timoun nan detèmine gen youn (1) nan kondisyon sa yo ki te ranpli, yo dwe konsidere konpòtman an antanke fason andikap timoun nan aji.

Si distri lekòl la, paran an, ak lòt manm ki enpòtan nan CSE oswa CPSE timoun nan detèmine konpòtman yo ap jere a te rive dirèkteman akòz distri lekòl la pa t aplike IEP a, distri lekòl la dwe pran mezi san pèdi tan pou rive korije pwoblèm sa yo.

Detèminasyon ki montre timoun nan te gen konpòtman an akòz andikap la

Si distri lekòl la, paran an, ak lòt manm ki enpòtan nan CSE oswa CPSE timoun nan detèmine timoun nan te gen konduit la akòz andikap la, CSE oswa CPSE a dwe swa:

1. fè yon FBA, sof si distri lekòl la te fè yon FBA anvan konpòtman ki te lakoz chanjman plasman an, epi ki te lakoz yo aplike yon BIP pou timoun nan; **oswa**
2. si yo te deja devlope yon BIP, revize BIP la, epi modifye li, si sa nesèsè, pou jere konpòtman an.

Eksepte jan sa dekri anba a dapre soutit **Sikonstans espesyal** la, distri lekòl la dwe retounen timoun ou an nan plasman kote yo te retire timoun nan, sof si paran an ak distri a dakò pou fè yon chanjman plasman kòm yon pati nan modifikasyon plan entèvansyon konpòtmantal la.

Sikonstans espesyal

Kit timoun nan te gen konpòtman an akòz andikap la oswa se pa t akòz sa, manm pèsònèl lekòl la kapab retire yon elèv nan yon IAES (CSE oswa CPSE timoun nan detèmine) pou jiska 45 jou lekòl, si timoun nan:

1. vin ak yon zam (gade definisyon ki anba a) nan lekòl la oswa te gen yon zam nan lekòl la, nan espas lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl ki anba jiridiksyon NYSED oswa yon distri lekòl;
2. yo konnen li te oswa li itilize dwòg ki ilegal (gade definisyon ki anba a), oswa li vann oswa mande pou vann yon sibstans kontwole, (gade definisyon ki anba a), pandan li lekòl la, nan espas lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl ki anba jiridiksyon NYSED oswa yon distri lekòl; **oswa**
3. te lakoz blesi kòporèl ki grav (gade definisyon ki anba a) sou yon lòt moun pandan nan lekòl la, nan espas lekòl la, oswa nan yon fonksyon lekòl la ki anba jiridiksyon NYSED oswa yon distri lekòl.

Definisyon

Sibstans Kontwole vle di yon dwòg oswa lòt sibstans yo idantifye sou baz anèks I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202 (c) Lwa sou Sibstans Kontwole (21 U.S.C. 812(c)).

Dwòg ilegal vle di yon sibstans kontwole; men, ladan li pa gen sibstans kontwole yo posede oswa itilize yon fason legal anba sipèvizyon yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans, oswa yo posede oswa itilize legalman sou baz nenpòt lòt otorite dapre Lwa sa a oswa anba nenpòt lòt dispozisyon lwa Federal la.

Blesi kòporèl ki grav gen siyifikasyon ki bay tèm “blesi kòporèl ki grav” anba paragraf (3) nan sou-seksyon (h) seksyon 1365 nan tit 18, Kòd peyi Etazini an.

Zam gen siyifikasyon ki bay tèm “zam danjere” anba paragraf (2) nan premye sou-seksyon (g) seksyon 930 nan tit 18, Kòd peyi Etazini an.

Notifikasyon

Nan dat li pran desizyon pou fè yon ranvwa, ki se yon chanjman plasman pou timoun nan akòz yon vyolasyon nan kòd konduit elèv yo, distri lekòl la dwe mete paran yo okouran konsènan desizyon sa a (avi alekri davans), epi li dwe bay paran yo yon avi sou garanti pwosediral yo.

CHANJMAN PLASMAN AKOZ RANVWA DISIPLINÈ

34 CFR seksyon 300.536; 8 NYCRR seksyon 201.2

Lè yo ranvwaye yon timoun ki gen andikap nan plasman edikatif aktyèl timoun nan, se yon **chanjman plasman** si:

1. yo ranvwaye li pou plis pase 10 jou lekòl youn dèyè lòt; **oswa**
2. timoun nan te fè fas ak yon seri ranvwa ki reprezante yon motif paske:
 - a. total seri ranvwa a plis pase 10 jou lekòl nan yon ane eskolè;

- b. konpòtman timoun nan sanble anpil ak konpòtman timoun nan te demontre nan ensidan anvan ki te lakoz seri ranvwa yo; epi
- c. yon seri faktè anplis tankou kantite tan chak ranvwa dire, kantite tan total yo te ranvwaye timoun nan, epi fason ranvwa yo pwòch youn ak lòt.

Distrik lekòl la detèmine kesyon pou konnen si yon modèl ranvwa konstitye yon chanjman plasman sou yon baz ka-pa-ka, epi, si yo konteste li, yo kapab revize li pa mwayen pwosedi regilye ak pwosedi jidisyè.

DETÈMINASYON ANVIWÒNMAN

34 CFR seksyon 300.531; 8 NYCRR seksyon 201.10

CSE oswa CPSE a dwe detèmine IAES pou ranvwa ki se **chanjman plasman yo**, ansanm ak ranvwa ki anba soutit **Otorite siplemantè** ak **Sikonstans espesyal**, anwo a.

APÈL

34 CFR seksyon 300.532; 8 NYCRR seksyon 201.11

Jeneral

Paran yon timoun ki gen andikap kapab depoze yon plent pou pwosedi regilye (gade sa ki anwo a) pou mande yon odyans pou pwosedi regilye si li dakò ak:

1. nenpòt desizyon konsènan plasman ki fèt anba dispozisyon disiplin sa yo; **oswa**
2. detèminasyon manifestasyon ki dekri anwo a.

Distri lekòl la kapab depoze yon plent pou pwosedi regilye (gade anwo a) pou mande yon odyans pou pwosedi regilye, si li kwè lè yo kenbe plasman aktyèl timoun nan, gen anpil chans pou sa lakoz danje pou timoun nan oswa lòt moun.

Otorite responsab odyans san patipri a

Yon responsab odyans ki respekte egzijans ki dekri anba soutit **Ofisye Odyans San Patipri** a dwe òganize odyans pou pwosedi regilye a epi pran yon desizyon. Responsab odyans lan kapab:

1. voye timoun ki gen andikap la retounen nan plasman kote yo te retire timoun nan, si responsab odyans lan detèmine yo te vyole egzijans ki dekri anba tit **Otorite Pèsonèl Lekòl** la, lè yo te retire timoun lan nan plasman an, oswa si timoun nan te gen konpòtman sa a akòz andikap li genyen an; **oswa**
2. òdone yon chanjman plasman pou timoun ki gen andikap la nan yon IAES ki apwopriye, pou pa plis pase 45 jou lekòl si responsab odyans lan detèmine si yo kenbe plasman aktyèl timoun nan, gen anpil chans pou sa lakoz danje pou timoun nan oswa pou lòt moun.

Yo kapab refè pwosedi odyans sa yo, si distri lekòl la kwè si yo retounen timoun lan nan plasman orijinal la, gen anpil chans pou sa lakoz danje pou timoun nan oswa pou lòt moun.

Chak fwa yon paran oswa yon distri lekòl depoze yon plent pou pwosedi regilye pou mande yon odyans konsa, yo dwe òganize yon odyans ki respekte egzijans ki dekri anba tit ***Pwosedi Plent pou Pwosedi Regilye, Odyans sou Plent pou Pwosedi Regilye***, epi ***Apèl sou desizyon; revizyon san patipri***, eksepte nan ka ki vin apre yo:

1. Distri lekòl la dwe fè aranjman pou òganize yon odyans pou pwosedi regilye akselere, nan espas **20** jou lekòl ki vini apre dat yo mande odyans lan epi yo dwe rive pran yon desizyon nan espas **10** jou lekòl apre odyans lan.
2. Sòf si paran yo ak distri lekòl la dakò alekri pou anile reyinyon an, oswa dakò pou itilize medyasyon, dwe gen yon reyinyon rezolisyon ki fèt nan espas **sèt (7)** jou sivil apre yo fin resevwa avi sou plent pou pwosedi regilye a. Odyans lan kapab kontinye sof si yo te rezoud pwoblèm nan yon fason ki satisfè toulede pati yo nan **15** jou sivil apre yo te fin resevwa plent pou pwosedi regilye a.

Yon pati kapab fè apèl kont desizyon nan yon odyans pou pwosedi regilye ki akselere menm jan pou desizyon yo pran nan lòt odyans pou pwosedi regilye yo (gade ***Apèl***, anwo a).

PLASMAN PANDAN APÈL YO

34 CFR seksyon 300.533; 8 NYCRR seksyon 201.10

Jan sa dekri anwo a, lè paran an oswa distri lekòl la depoze yon plent pou pwosedi regilye ki gen rapò ak kesyon disiplinè, timoun nan dwe (sof si paran an ak NYSED oswa distri lekòl la dakò sou yon lòt bagay) rete nan IAES la annatandan desizyon IHO a, oswa jiskaske peryòd tan pou ranvwa a ekspire jan yo te prevwa sa epi jan sa dekri anba tit ***Otorite Pèsonèl Lekòl La***, kèlkeswa sa ki rive an premye.

PWOTEKSYON POU TIMOUN KI POKO KALIFYE POU EDIKASYON ESPESYAL AK SÈVIS KI ASOSYE YO

34 CFR seksyon 300.534; 8 NYCRR seksyon 201.5

Jeneral

Si yo pa t detèmine yon timoun kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, epi timoun nan vyole yon kòd konduit elèv yo, men distri lekòl la te konnen (jan yo detèmine sa anba a), anvan konpòtman ki te lakoz yo pran mezi disiplinè a, timoun nan se te yon timoun ki gen yon andikap, lè sa a, timoun nan kapab mande nenpòt nan pwoteksyon ki dekri nan avi sa a.

Baz konesans pou zafè disiplinè

Yo dwe konsidere yon distri lekòl te konnen yon timoun se yon timoun ki gen yon andikap si, anvan konpòtman ki te lakoz yo pran mezi disiplinè a:

1. paran timoun nan eksprime enkyetid li alekri bay sipèvizè oswa manm pèsònèl administratif ajans edikatif ki apwopriye a, oswa bay yon pwofesè timoun nan, pou montre timoun nan bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo;
2. paran an te mande yon evalyasyon pou kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo sou baz Pati B IDEA; **oswa**
3. pwofesè timoun nan, oswa yon lòt manm pèsònèl nan distri lekòl la eksprime enkyetid byen presi li genyen konsènan yon modèl konpòtman timoun nan demontre, direktman bay direktè edikasyon espesyal distri lekòl la oswa bay lòt manm pèsònèl ki ap sipèvizè distri lekòl la.

Eksepsyon

Yo p ap konsidere yon distri lekòl gen konesans sa yo si:

1. paran timoun nan pa t dakò yo fè yon evalyasyon pou timoun nan oswa te refize sèvis edikasyon espesyal; **oswa**
2. yo te evalye timoun nan epi yo detèmine li pa yon timoun ki gen yon andikap sou baz Pati B IDEA.

Kondisyon ki aplike si pa gen okenn baz pou konnen sa

Si anvan yo pran mezi disiplinè kont timoun nan, yon distri lekòl pa t konnen si timoun nan se yon timoun ki gen yon andikap, jan sa dekri anwo a anba soutit **Baz Konesans pou Mezi Disiplinè** epi **Eksepsyon**, yo kapab pran mezi disiplinè kont timoun nan, ki aplike pou timoun ki pa gen andikap ki te gen konpòtman menm jan an.

Sepandan, si yo mande yon evalyasyon pou yon timoun pandan peryòd tan kote yo pran mezi disiplinè kont timoun nan, yo dwe fè evalyasyon an yon fason ki rapid.

Jiskaske evalyasyon an fini, timoun nan ap rete nan plasman edikatif otorite lekòl yo detèmine a, ki kapab sispansyon oswa ekspilsyon san okenn sèvis edikatif.

Si yo detèmine timoun nan se yon timoun ki gen yon andikap, lè yo konsidere enfòmasyon ki soti nan evalyasyon distri lekòl la te fè, ansanm ak enfòmasyon paran yo bay, distri lekòl la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo an konfòmite avèk Pati B IDEA, san wete kondisyon disiplinè ki dekri anwo a.

REKÒMANDE BAY FÒS DELÒD YO EPI MEZI FÒS DELÒD AK OTORITE JIDISYÈ YO PRAN

34 CFR seksyon 300.535

Pati B IDEA a pa:

1. entèdi yon ajans rapòte yon krim yon timoun ki gen andikap komèt, bay otorite ki apwopriye yo; **oswa**
2. anpeche fòs delòd ak otorite jidisyè nan Eta a egzèse responsablite yo genyen pou yo aplike lwa federal ak lwa Eta a kont krim yon timoun ki gen yon andikap komèt.

Transmèt dosye

Si yon distri lekòl rapòte yon krim yon timoun ki gen andikap komèt, distri lekòl la:

1. dwe asire li yo transmèt kopi dosye edikasyon espesyal ak mezi disiplinè timoun nan bay otorite kote ajans lan rapòte krim nan; **epi**
2. yo kapab transmèt kopi dosye edikasyon espesyal ak mezi disiplinè timoun nan sèlman nan limit FERPA pèmèt.

UTILIZE AVANTAJ/ASIRANS PIBLIK EPI PRIVE**TIMOUN ANDIKAPE KI GEN PWOTEKSYON ASIRANS PIBLIK****34 CFR seksyon 300.154(d); 8 NYCRR seksyon 200.5(b)(8)**

Yon distri lekòl kapab itilize pwogram avantaj oswa asirans piblik paran oswa timoun nan (tankou Medicaid) pou bay oswa pou peye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo. Pou voye fakti pwogram avantaj oswa asirans piblik, distri lekòl la dwe:

1. jwenn konsantman w alekri (an konfòmite ak seksyon ki anba tit **Konsantman Paran – Definisyon**) anvan w gen aksè nan avantaj piblik oswa asirans ou menm oswa timoun ou an pou premye fwa; epi
2. ba w yon notifikasyon alekri anvan yo gen aksè nan avantaj oswa asirans piblik ou menm oswa timoun ou an pou premye fwa, epi apresa, chak ane. Notifikasyon alekri sa a dwe fè w konnen:
 - a) ou pa oblije siyen oswa enskri nan avantaj piblik yon fason pou timoun ou an resevwa FAPE;
 - b) ou pa oblije fè depans ki sot nan pòch ou, tankou pou peye franchiz oswa montan kotizasyon pandan w ap depoze reklamasyon pou sèvis yo;
 - c) distri a kapab pa itilize avantaj timoun ou an nan kad yon pwogram avantaj oswa asirans piblik, si fason yo itilize li a ap:
 - diminye kantite tan pwoteksyon an oswa lòt avantaj ki asire yo, dire;
 - lakoz moun nan fanmi w peye pou sèvis pwogram avantaj oswa asirans piblik la garanti, epi ki obligatwa pou timoun ou an nan moman kote li pa twouve li nan lekòl la;
 - ogmante prim yo oswa lakoz avantaj oswa asirans lan kanpe; oswa
 - lakoz gen risk pou pèdi kalifikasyon pou jwenn avantaj pou kay ak avantaj kominotè, selon depans global ki gen rapò ak sante.
 - d) lefètke w refize oswa retire konsantman w pou pèmèt aksè nan avantaj oswa asirans piblik, sa pa retire responsabilite distri lekòl la genyen pou asire li ou resevwa tout sèvis IEP yo gratis; epi
 - e) ou kapab retire konsantman w nenpòt lè.

TIMOUN ANDIKAPE KI GEN PWOTEKSYON ASIRANS PRIVE**34 CFR seksyon 300.154(d); 8 NYCRR seksyon 200.5(b)(9)**

Anrapò ak sèvis ki obligatwa pou bay timoun ou an FAPE, distri lekòl la kapab gen aksè nan pwodui asirans prive w la sèlman si w bay konsantman pou sa an konfòmite ak seksyon ki anba tit ***Konsantman Paran - Definisyon*** an.

Chak fwa distri lekòl la pwopoze pou li gen aksè nan pwodui asirans prive w, li dwe:

- jwenn konsantman w; epi
- fè w konnen menmsi w refize pèmèt distri lekòl la gen aksè nan asirans prive w, sa pa retire sou responsabilite distri lekòl la genyen pou asire li ou resevwa tout sèvis ki obligatwa yo gratis.

Distri lekòl la kapab itilize Pati B IDEA li a pou peye frè ou kapab genyen pou peye pou itilize avantaj oswa asirans lan (pa egzanp franchiz oswa kotizasyon yo).

EGZIJANS POU PLASMAN INILATERAL PARAN TIMOUN NAN FE NAN LEKOL PRIVE SOU BAZ DEPANS PIBLIK

JENERAL

34 CFR seksyon 300.148

Pati B IDEA a pa egzije pou yon distri lekòl peye pou depans edikatif, tankou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, pou timoun ou an ki gen andikap nan yon lekòl oswa etablisman prive, si distri lekòl la mete FAPE disponib pou timoun ou an epi w chwazi mete timoun lan nan yon lekòl oswa etablisman prive. Sepandan, distri lekòl kote lekòl prive a ye a dwe ajoute timoun ou an nan popilasyon kote yo trete bezwen yo a, sou baz dispozisyon Pati B a ki gen rapò ak timoun paran yo te mete yo nan yon lekòl prive sou baz 34 CFR seksyon 300.131 rive nan 300.144.

Ranbousman pou plasman lekòl prive

Si timoun ou an te resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye anvan sa, anba otorite yon distri lekòl, epi w chwazi enskri timoun ou an nan yon lekòl preskolè, lekòl elemantè, oswa lekòl segondè prive, san konsantman oswa san rekòmandasyon distri lekòl la, yon tribinal oswa yon responsab odyans kapab egzije pou ajans lan ranbouse w depans enskripsyon sa a si tribinal la oswa yon IHO rann li kont ajans lan pa t mete FAPE disponib pou timoun ou an nan yon tan ki apwopriye anvan enskripsyon sa a epi plasman prive sa a apwopriye. Yon IHO oswa yon tribinal kapab jije plasman w lan apwopriye, menmsi plasman an pa respekte prensip Eta a ki aplike pou edikasyon NYSED ak distri lekòl la bay yo.

Limit sou ranbousman

Yo kapab diminye oswa refize depans ranbousman ki dekri nan paragraf ki anwo a:

1. si: (a) Nan reyinyon CSE oswa CPSE ki pi resan ou te asiste anvan ou retire timoun ou an nan lekòl piblik la, ou pa t fè CSE oswa CPSE a konnen ou te rejte plasman distri lekòl la te pwopoze pou bay timoun ou an FAPE, san wete pou fè konnen enkyetid ou genyen ansanm ak entansyon w genyen pou enskri timoun ou an nan yon lekòl prive Eta a ap peye; oswa (b) omwen 10 jou travay (san wete nenpòt jou ferye ki tonbe nan yon jou ouvrab) anvan yo retire timoun ou an nan lekòl piblik la, ou pa t voye yon avi alekri davans bay distri a konsènan enfòmasyon sa a.
2. si, anvan yo retire timoun ou an nan lekòl piblik la, distri lekòl la te ba w yon avi alekri davans konsènan entansyon li genyen pou evalye timoun ou an (san wete yon deklarasyon konsènan objektif evalyasyon an ki te apwopriye epi ki rezonab), men, ou pa t fè aranjman pou timoun nan disponib pou evalyasyon an; **oswa**
3. apre tribinal la fin jije mezi w te pran yo pa t rezonab.

Sepandan, depans ranbousman an:

1. pa dwe redwi oswa refize akòz yo pa kapab bay avi a si: (a) lekòl la anpeche w bay avi a; (b) ou pa t resevwa avi konsènan responsablite ou genyen pou bay avi ki dekri anwo a; oswa (c) si w respekte egzijans ki anwo yo, sa kapab lakoz danje fizik pou timoun ou an; **epi**
2. kapab, selon jan tribinal la oswa yon IOH vle, pa diminye oswa refize pou paran yo pa bay avi ki obligatwa a si: (a) paran an pa konn li oswa ekri Anglè; oswa (b) si yo respekte egzijans ki anwo a, sa kapab lakoz gwo domaj emosyonèl pou timoun nan.

RESOUS

[United States Department of Education - IDEA Site](#)

(San wete Pati 300, Kòd Règleman Federal la)

[New York State Education Department](#)

[NYSED Office of Special Education](#)

[Pati 200 ak 201 Règleman pou Manm Komisyon Edikasyon an](#)

[Biwo Rejyonal Asirans Kalite pou Edikasyon Espesyal](#)

(gade nan pwochen paj la tou)

Biwo Rejyonal Asirans Kalite pou Edikasyon Espesyal:**Central**

NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
Hughes State Office Building
333 E. Washington Street, Suite 210
Syracuse, NY 13202
(315) 428-4556
(315) 428-4555 (faks)

Eastern

NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
89 Washington Avenue, Room 309 EB
Albany, NY 12234
(518) 486-6366
(518) 473-5769 (faks)

Hudson Valley

Albany Site
NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
89 Washington Avenue, Room 309 EB
Albany, NY 12234
(518) 473-1185
(914) 402-2180 (faks)

Peekskill Site

NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
1 Park Place, 3rd Floor
Peekskill, NY 10566
(914) 940-2900
(914) 402-2180 (faks)

New York City

NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
55 Hanson Place, Room 545
Brooklyn, NY 11217-1580
(718) 722-4544
(718) 722-2032 (faks)

Long Island

NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
Perry B. Duryea, Jr. State Office Building
Room # 2A-5
Hauppauge, NY 11788
(631) 952-3352
(631) 952-3834 (faks)

Western

(NYS School for the Blind)
NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
2A Richmond Avenue
Batavia, NY 14020
(585) 344-2002
(585) 344-2422 (faks)

Nondistrict Unit

Albany Site
NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
89 Washington Avenue, Room 309 EB
Albany, NY 12234
(518) 473-1185
(518) 402-3582 (faks)

Peekskill Site

NYS Education Department
Special Education Quality Assurance
1 Park Place, 3rd Floor
Peekskill, NY 10566
(914) 940-2900
(914) 402-2180 (faks)

Sipleman Vil Nouyòk

Avi garanti pwosedi

2020 oktòb

Sèvis aksè nan lang

Si paran mande, yo gen dwa pou resevwa entèpretasyon nan reyinyon edikasyon espesyal, ak tradiksyon IEP, evalyasyon ak avi. Ou ka pale avèk yon manm nan ekip IEP pitit ou a pou mande sèvis aksè nan lang. Ou ka mande tou yon tradiksyon IEP pitit ou an si w ale sou schools.nyc.gov/IEPHello oswa si w rele 718-935-2013. Si w gen kesyon konsènan sèvis aksè nan lang, tanpri suiv pwosesis yo mete nan sitwèb DOE a (nan schools.nyc.gov/connect-with-us). Si pwoblèm ou an pa rezoud onivo lekòl la oswa distri a, ou ka pote yon plent. Nou eksplike detay sou jan pou pote plent sou sitwèb DOE a nan (schools.nyc.gov/school-life/school-environment/get-help/parent-complaints-and-appeals).

Kalandriye pou timoun ki gen laj pou ale lekòl (Laj 5-21)

Evalyasyon inisyale

Si yo evalye pitit ou a pou konnen si li gen yon andikap ak si li p ap resevwa pwogram oswa sèvis edikasyon espesyal, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk dwe evalye pitit ou a, fè yon reyinyon pwogram edikasyon endividyèl (NYC Department of Education, NYCDOE) ak fè aranjman pou nenpòt pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande nan espas 60 jou lekòl (jou travay pandan ete) apati moman nou resevwa bon jan konsantman pou evalye pitit ou a. Si IEP a rekòmande plasman nan yon pwogram lekòl prive Depatman Edikasyon Eta Nouyòk apwouve, apres a DOE gen yon lòt 30 jou lekòl (jou travay pandan ete) nan rekòmandasyon pwogram lan pou fè aranjman pou pwogram ak sèvis sa yo.

Reevalyasyon

Si pitit ou a ap resevwa sèvis edikasyon espesyal epi yo mande yon reevalyasyon, DOE gen 60 jou lekòl (jou travay pandan ete a) apati moman yo resevwa demand reevalyasyon pou evalye pitit ou a, fè yon reyinyon IEP ak fè aranjman pou nenpòt pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande. Si IEP a rekòmande plasman nan yon pwogram lekòl prive ki apwouve, apres a DOE gen yon lòt 30 jou lekòl (jou travay pandan ete) nan rekòmandasyon pwogram lan pou fè aranjman pou pwogram ak sèvis sa yo.

P-1 Lèt

Si yo rekòmande pitit ou a pou yon klas espesyal epi ou pa resevwa yon òf plasman nan espas 60 jou lekòl apati dat konsantman an (pou evalyasyon inisyale) oswa demand pou reevalyasyon an (pou reevalyasyon) pandan ane lekòl la, oswa nan delè 15 out pou ane lekòl k ap vini an, w ap resevwa yon lèt ki bay pitit ou a dwa pou ale nan yon pwogram lekòl prive lajounen ke NYSED apwouve. Se DOE k ap peye pou plasman sa a pou ane lekòl sa a. Gen yon lis lekòl ki pa lekòl leta ke NYSED apwouve ki l akonpaye avi an.

Eksepsyon nan kalandriye yo

Si w retade evalyasyon an san rezon valab, pwosesis IEP a ak/oswa pwosesis plasman pou pitit ou a, yo ka ajiste kalandriye a pou akomode reta sa yo. Yo ka pwolonje delè a tou pou kèk sikonstans si w demenaje ant distri lekòl pandan peryòd evalyasyon an.

Kalandriye pou timoun preskolè (laj 3-5 lane)

Evalyasyon inisyale

Ou gen dwa pou chwazi ajans evalyasyon preskolè pou fè evalyasyon pitit ou a. Pandan pifò lokal evalyasyon yo se ajans prive, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) genyen tou evalyatè ki nan biwo CSE a. Ajans evalyasyon preskolè a dwe fini evalyasyon pitit ou a nan espas 20 jou lekòl apati premye randevou evalyasyon w lan, lè w siyen konsantman pou evalyasyon inisyale la.

CPSE a dwe fè yon reyinyon CPSE nan espas 60 jou kalandriye apati dat ou siyen konsantman pou evalyasyon inisyale la. Piske orè sa a pa kòmanse toutotan ou pa siyen fòm konsantman an, li enpòtan pou mete premye randevou pou evalyasyon an pi vit posib. Si yo jwenn pitit ou a elijib, yo dwe mete sèvis yo disponib pa pi ta pase 30 jou lekòl apati dat reyinyon CPSE a oswa nan espas 60 jou lekòl apati dat ou te siyen konsantman pou evalyasyon inisyale la, kèlkeswa sa ki

rive avan an oswa nan premye jou laj timoun lan vin elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè yo.

Reevalyasyon

Aprè yo fin idantifye pitit ou a kòm yon elèv preskolè ki gen andikap, ou ka mande pou yo reevalye pitit ou a nan nenpòt moman. CPSE ap aranje yon reevalyasyon depi sa pa fèt plis pase yon fwa pa ane, amwenske ni oumenm, ni CPSE a dakò alekri pou fè sa. CPSE a ap òganize reyinyon an epi l ap fè aranjman pou pwogram ak sèvis ki nan IEP a pou yo bay yo nan espas 60 jou lekòl apati lè ou te mande pou reevalyasyon an.

Evalyasyon akademik endepandan

Ou gen dwa pou jwenn yon evalyasyon akademik endepandan (Independent educational evaluation, IEE) pou pitit ou a si w pa dakò avèk evalyasyon DOE te fè pou pitit ou a, jan yo dekri l nan seksyon IEE dokiman ki rele Avi sou garanti nan pwosedi (Procedural Safeguards Notice) a. Nan Vil Nouyòk, yon anplwaye DOE pa ka fè yon evalyasyon endepandan piske Lwa sou konfli enterè entèdi sa (Chapit 68 kontra Vil la).

Nòm ofisyèl pou chanje klas

Elèv ki gen IEP yo oblije satisfè regleman NYCDOE pou chanje klas ki dekri nan Regleman Chanselye (Chancellor's Regulation) A-501 (schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations/volume-a-regulations/2). Yo evalye pwogrè elèv pou referans sou chanjman klas lekòl pa yo defini. Lekòl la evalye pwogrè elèv avèk plizyè mezi pou asire yo gen plizyè opòtinite pou demontre konesans yo ak kapasite yo.

Pou yon tigwoup elèv ki gen IEP nan klas 3yèm-8yèm ane ekip IEP a ka rekòmande kritè chanjman klas ki modifiye nan IEP yo. Yo ta dwe di kritè ofisyèl pou chanje klas yo nan prèske tout IEP elèv ki gen andikap. Se sèlman nan sikonstans eksepsyonèl yo ta dwe modifiye kritè pou chanje klas pou elèv ki gen andikap ki nan klas 3yèm-8yèm ane. IEP pitit ou a pral presize si li oblije satisfè kritè ofisyèl yo oswa kritè modifiye pou chanje klas yo nan egzamen ELA ak/oswa Matematik.

Elèv ki gen IEP ki nan klas 3yèm-8yèm ane oblije satisfè kritè modifiye pou chanje klas yo nan egzamen ELA ak/oswa Matematik si to pwogrè yo ak efè andikap yo tèlman grav yo pa kapab satisfè referans pou chanje klas lekòl la menm lè yo ba yo sipò ak sèvis edikasyon espesyal, akomodasyon ki apwopriye ak enstriksyon yo kreye espesyalman pou yo. Elèv ki gen kritè modifiye pou chanje klas oblije satisfè kritè ELA ak Matematik ki presize nan IEP yo nan moman y ap pran desizyon pou chanje klas la. Elèv ki nan klas 8yèm ane dwe pase tou tout kat kou debaz yo (ELA, Matematik, Syans ak Syans Sosyal) pou yo ka chanje klas pou ale nan 9yèm ane.

Si pitit ou a oblije satisfè kritè ofisyèl yo oswa kritè modifiye yo, y ap avèti w an jen si yo egzije pou pitit ou a ale lekòl ete pou matyè debaz yo endike yo. Nan fen lekòl ete ann out, w ap resevwa yon lèt desizyon final sou chanjman klas. Si w pa dakò avèk desizyon final sou chanjman klas la, ou ka fè apèl, *alekri*, ba direktè lekòl la pandan dènye semèn out la. Sipèntandan an ap evalye demand apèl la epi l ap pran yon desizyon final. Direktè a pral avèti w sou desizyon final pou chanjman klas la.

Elèv ki gen IEP ki nan lekòl DOE ki patisipe nan evalyasyon altènatif pa gen pou satisfè kritè pou chanje klas yo.

Sant Paran pou Edikasyon espesyal

Gen sant paran pou edikasyon espesyal nan Vil Nouyòk. Sant sa yo ap bay paran elèv ki gen andikap enfòmasyon, resous ak estrateji pou:

1. Ankouraje yo pou patisipe toutbon nan pwogram edikasyon pitit yo, tankou enfòmasyon konsènan pwosesis edikasyon espesyal (rekòmandasyon, evalyasyon endividyèl ak devlopman pwogram edikasyon endividyèl ak planifikasyon pou tranzisyon);
2. Ede w konprann andikap pitit ou a;
3. Ankouraje rezolisyon konfli bonè ant paran ak distri lekòl yo;
4. Ankouraje itilizasyon sesyon rezolisyon ak medyasyon pou edikasyon espesyal;
5. Ede w konprann dwa pou pwosedi san patipri tankou dwa pou odisyon ak apèl san patipri ak pou pwosesis plent bay Eta a;
6. Ranfòse kapasite paran ak nivo konfyans pou kominike avèk efikasite; ak
7. Travay nan kolaborasyon avèk lòt lekòl yo ak lòt konsène pou defann ak patisipe aktivman nan pwogram edikasyon timoun yo.

Tanpri kontakte sant paran ki pi pre w la pou yo ka ede w.

Non	Adrès	Non moun pou kontakte	Nimewo telefòn	# Faks	Adrès imèl	Nòt
Parent to Parent NY, Inc. / Staten Island Special Education Parent Center	1050 Forest Hill Rd. #108 Staten Island, NY 10314	Joanne Vitale, Director	(718) 494-4872	(718) 494-4805	joanne.d.vitale@opwdd.ny.gov	<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Staten Island • Sitwèb: https://parenttoparentnyc.org/home.html
INCLUDEnyc (yo te rele l avan Resources for Children with Special Needs) Nan kolaborasyon avèk United We Stand of NY	116 E. 16th Street 5yèm etaj New York, NY 10003	Rich Overton, Manadjè fonksyonman pwogram Renee Becerra, Kowòdonatè enfòmasyon ak trening paran	(212) 677-4660 (Anglè) (212) 677-4668 (Panyòl)	(212) 254-4070	roverton@includenyc.org rbecerra@includenyc.org info@includenyc.org	<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Queens, Brooklyn, Bronx ak Manhattan • Sitwèb: www.includenyc.org

Ajans sèvis legal ak defans dwa moun

Men yon lis ajans sèvis legal ak defans dwa moun gratis ki ka disponib pou reprezante timoun nan odisyon san patipri. Chak ajans gen opsyon pou aksepte oswa refize nenpòt aplikasyon pou sèvis li yo.

Non	Adrès	Non moun pou kontakte	Nimewo telefòn	# Faks	Adrès imèl	Nòt
Legal Services - NYC			(917) 661-4500 Liy ki toujou ouvè pou èd legal nan Vil la			<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite nan Vil Nouyòk • Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib
Legal Services – Brooklyn	105 Court Street, 4 th Fl. Brooklyn, NY 11201		(718) 237-5500	(718) 855-0733		<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Brooklyn • Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib
Legal Services – Bronx	349 E. 149 th St., 10 th Fl. Bronx, NY 10451		(718) 928-3700	(718) 402-7566		<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Bronx • Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib
Legal Services – Manhattan (Upper)	1 West 125 th St., 2yèm etaj New York, NY 10027		(646) 442-3100 (212) 348-4093			<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Manhattan • Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib
Legal Services – Manhattan (Lower)	40 Worth St., Ste., 606 New York, NY 10027		(917) 661-4500			<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Manhattan • Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib
Legal Services – Queens	89-00 Sutphin Blvd. 5 ^{ye} m etaj Jamaica, NY 11435		(347) 592-2200	(718) 526-5051 (718) 657-8581		<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Queens • Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib
Legal Services – Staten Island	36 Richmond Terrace, Ste. 205 Staten Island, NY 10301		(718) 233-6480	(718) 448-2264		<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite Staten Island • Ou dwe satisfè kondisyon sou salè pou w ka elijib
New York Lawyers for the Public Interest	151 W. 30 th St., 11 th Fl. New York, NY 10001		(212) 244-4664	(212) 244-4570		<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite nan tout senk borough yo • Ou dwe gen randevou • www.nylpi.org

Non	Adrès	Non moun pou kontakte	Nimewo telefòn	# Faks	Adrès imèl	Nòt
Mobilization for Justice	100 William Street 6 ^{em} etaj New York, NY 10038		(212) 417-3786	(212) 417-3890	specialed@mfjlegal.org	<ul style="list-style-type: none"> • Li sèvi moun ki abite nan tout senk borough yo • Gratis pou paran ki pa gen gwo salè http://mobilizationforjustice.org/projects/warren-j-sinsheimer-childrens-rights-program/
NY Legal Assistance Group	7 Hanover Sq., 18yèm etaj New York, NY 10004		(212) 613-5000		info@nylag.org	www.nylag.org
Advocates for Children	151 W. 30 th St., 5 ^{em} etaj New York, NY 10001		(212) 947-9779 Liy telefòn pou èd: (866) 427-6033	(212) 947-9790	info@advocatesforchildren.org	www.advocatesforchildren.org www.insideschools.org
Sinergia, Inc.	2082 Lexington Ave. 3yèm etaj New York, NY 10035		(212) 643-2840	(212) 643-2871		www.sinergia.org

Sonje: Depatman edikasyon Vil Nouyòk pa andose ni pran okenn responsablite pou disponiblite oswa travay ajans ki nan lis la.